

## ИСОНИБОНÆН АБОНИ ГЪÆУГÆ БУНДОР ÆВÆРД КУ НЕ 'РЦÆУА, УÆД ХУЗÆНОНÆЙ НÆ РАЛÆУДЗÆНÆЙ!..

***Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906-1999), номдзуд ахургонд-филолог: «Зæрдæбæлдаруйнадæ 'й нихмæлæууæг рæстæги кунæггæнæг тухæн. Зæрдæбæлдаруйнади еци менеуæг хъæбæр ахсгиаг æй. Исфæткон æй рæстæг хумæтæги дехтæ кæнун евгъудбæл, абони бонбæл æма исонибонбæл. Фал зæрдæбæлдаруйнади фæрци ба евгъуд бацæуй нури бонмæ, æма евгъуд абони хæццæ исеу уогæй, рагацау бæлвурдгонд цæуй исонибон дæр...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№35 (906) 2023 анзи 16 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман





Къарæ ист æй журнал «ФСБ: За и против»-æй (№2, 2010 анз)

## ЕВГЪУД ДЗАМАНИ ХАБÆРТТÆ – ЗÆРДÆБÆЛДАРУЙНАГ...

Мæнæ уæлдæр ци къарæ уинетæ, уой кæддæр дæр ма мухур кодтан, фал æй уæддæр нæуæгæй æримистан. Уомæн æма абони дæр бабæй нæ Фидибæстæн тæссаг æй кедæрти фудвæндитæй, багъудæй бабæй нæ æновуддзийнадæ, æ сæрбæлтау бахъазауат кæнун. Гъо, гæрзефтонгæй нæмæ тухлæбурд нæ кæнунцæ не 'ндагон знæгтæ. Зонунцæ, уомæй нин сæ бон неци бауодзæнæй. Зонунцæ уой дæр, æма абони нæ нихмæ ци экономикон-политикон хинттæ аразунцæ, уонæй дæр нæ нæ басæтдзæнæнцæ, уомæн æма, уонæй нин цийфæнди агъазиау зæрантæ ку 'рхæссонцæ, уæддæр син бафæраздзинан æма си фæййервæздзинан нæхе равгитæ æма гæнæнти фæрци. Уомæ гæсгæ сæ архайд фулдæр исаразтонцæ нæ уодварни фарнæй исæдзæллаг кæнунмæ. Гъавунцæ, нæ адæм алкæддæр цийфæнди тæссаг уавæри тухгин æма уæлахезон ке фæрци адтан, нæ еци зæрдæбæлдаруйнадæй фенæхай кæнун. Уомæй ба син, гъулæггагæн, хъозæнттæ разиндтæй нæ медбæсти дæр. Æма уони цъухæй æгадæгонд цæунцæ, нæ адæм æносæй-æностæмæ сæрустур æма цæрунгъон кæмæй адтæй, нæ еци хабæрттæ æма цаутæ, тæходуйаг гъæуама кæмæн уонцæ, нæ еци кæстæртæн сæ æнадæ кæнунцæ. Уомæй агъазиаудæр знаггадæ ма гъæуама ци уа?!.

Æма нæ бæсти Президент **Владимир Путин** дæр, хумæтæги нæ бахаста Уæрæсей историон зæрдæбæлдаруйнади Центр исаразуни туххæй фæндон.

3

## АРФÆ КÆНÆН!..



### БÆРЗОНД АРГЪГОНД ГУÆЦÆЛТИ ХАДЖИМОРАТÆН Æ ÆНОВУД ХЪÆЗАУАТИ ФÆДБÆЛ

Уæрæсей Президент **Владимир Путин** Кади гæгъæдийæй исхуарзæнхгин кодта Цæгат Иристони муфти, Пусулмон дини управлений сæргълæууæг Гуæцæлти Хаджиморати. Аци бæрзонд хуæрзеуæг ин нæ бæсти разамонæг исаккаг кодта, адæмти æма динти 'хсæн рахастдзийнæдтæ хуæздæр кæнунмæ устур æвæрæн ке хæссуй, уой туххæй.

Гуæцæлти Хаджиморат нæ республики пусулмон æхсæнадæн разамунд дæттуй 2010 анзæй нурмæ. Æма еци рæстæги ин æ æмархайгути хæццæ æнтæсуй берæ аллихузон арфиаг мадзæлттæ аразун. Уонæн сæ еугурей нисанеуæг дæр æй, дзиллити уодиконди хуарздзийнадæ аразунмæ тулавастдзийнадæ федар кæнун, алли адæмихæттити æма фæйнæ хузи динтæ æнхæстгæнæг адæймæгути рæстзæрдæй кæрæдзей хæццæ хæларæй æма кæрæдзей нимайгæй цæрунмæ разæнгард кæнун.

Е 'новуд æма рæстуодæй фæллойни туххæй Гуæцæлти Хаджиморатæн устур кадæ ес айдагъ нæ республики нæ, фал Уæрæсей æндæр рауæнти – куд пусулмон æхсæнади медæгæ, уотæ иннæ динти минæвæртти 'хсæн дæр. Уомæн, ку зæгъæн ирд æвдесæн æй, нæ бæсти Президент ин уæхæн бæрзонд хуæрзеуæг ке исаккаг кодта, е дæр.

Æма мах дæр зæрдиагæй арфæ кæнæн Хаджиморатæн, нæ зæрдæ ин зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, уоди фæразондзийнадæ, цæмæй æ рæстуодæй берæ хъиамæттæ уонцæ æнтæстгин, рæстмæ кæнонцæ райдзастдзийнадæй.

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

***Нæ республики районти цæрæг фæсевæдæй Дзæуæгигъæуи университетти, институтти, техникумти, колледжти ка ахур кæнуй, уони сæ ахургæнæн рауæнтæмæ ласдзæнæнцæ сæрмагондæй радехгонд автобустæ. Студенти билет кенæ æндæр сæрмагонд æвдесæндармæ гæсгæ, еци фæсевæд нади харзæн феддзæнæнцæ е ’мбес.***

## ЦÆРÆНУÆТТÆ – ФУЛДÆР



Цæрæн хæдзæрттæ гъæуй фулдæр аразун, æлхæнæг сæ ке ес, уомæ гæсгæ – уæхæн æй сæ гъуди нæ бæсти хонсайраг регионти арæздадон къабази ка архайуй, уонæн. Сæ дзубандимæ гæсгæ, адæм фатертæ æхцæуæндæрдæй æлхæнун райдæдтонцæ, æнзтæ кæбæл цæуй, уæхæн хæдзæртти нæ, фал нæуæг арæзт хæдзæртти фатертæ. Нæ республики арæздадон къабази архайæг амалгъонтæй еу куд загъуй, уотемæй хæстæгдæр æртæ мæйемæ цæрæн хæдзæрттæ арæзуни хæрзтæ ке фæфффулдæр удзæнæнцæ, уомæ гæсгæ ба фатерти æргътæ дæр фæббæрзонддæр удзæнæнцæ. Уавæрбæл лæгъуздæрæмæ фæббæрæг уодзæнæй е дæр, æма арæздадон æрмæгутæ кæд фæхъхъазардæр æнцæ, уæддæр нæ фагæ кæнунцæ.

## НИСАНТÆ



Нæ республики агъазиаудæр кустуат «Электроцинк» æхгæд кæд æрцудæй, уæддæр ни, æвæдзи, алкедæр расагъæс кæнуй: «Идарддæр ба ци?..» Зундгонд куд æй, уотемæй фæстаг рæстæги заводи хецау адтæй Урали хуæнхон-металлургон комбинат. Æма ’й е, Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло æ телеграмм-канали куд фегъосун кодта, уотемæй нæ республикæн рауæйæ кодта 144 сомебæл. Уой фæдбæл гъæугæ куст æнхæст кæнун кæронмæ фæхъхъæртуй. Сагъæссаг фарста – клинкер (кустади уæлдæйттæ) ци бауодзæнæнцæ? Куд зæгъунцæ, уотемæй æй урайлаг комбинат æнæгъæнæй дæр фæлласдзæнæй.

## АХУРАДÆ



Тагъд рæстæги Цæгат Иристони игонгонд æрцæудзæнæнцæ «Курчатови кълæстæ». Проекти нисан æй æригон фæлтæри раст æма æрдзон наукитæбæл æхцул кæнун. Уæхæн къласстæ Дзæуæгигъæуи косун райдайдзæнæнцæ 38-аг æма 44-аг скъолати бундорбæл. Къласстæ ефтонг æнцæ лабораторитæй, устур æргом раздахдзæнæнцæ æмауæдзæ предметтæ æма дисциплинитæмæ. Практикæ кæндзæнæнцæ центр «Уæлхонх»-и. «Курчатовон институти» разамунди загъдмæ гæсгæ, аци мадзал гъæуама фæййагъаз уа, цæмæй скъоладзау фæсевæдæн бæлдтаг уа айдагъ циуавæрдæр хуматæг дæсниадæ райсун нæ, фал науки кæцидæр къабази ахургонд исун дæр.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

Ахурадон уагæдæнтти рауагъдонтæй куст фиццаг хатт ка агоруй, уонæн сæ стажировки туххæй нæ республики кустдæттæг центр феддзæнæй æхца. Уой туххæй центри специалисттæ бунаффæ кодтонцæ кустдæттути, Фæсевæдон парламенти æма студентти хæццæ фембæлди. Уой фæрци, ка ’й зонуй, фæмминкъийдæр уодзæнæй, нуртæккæ нæ республики ка нæ фагæ кæнуй, еци специалисттæй (дохтиртæ, инженертæ, ахургæнгутæ æма æнд.) кадавардзийнадæ.

* * *

**Уæрæсей фæлхасадон цæстдарди цæгатиристойнаг управлени куд игъосун кæнуй, уотемæй нæ республики бабæй ралæудтæй карз вирусон инфекций афонæ. Раст зæгъгæй, уавæр уоййасæбæл уæззау нæй. Евгъуд къуæрей региони исбæрæг кодтонцæ коронавирусæй фондз сæйги. Коронавирусон инфекци нимад цæуй карз респираторон вирусон инфекцибæл. Адæм профилактикон домæнтæ ку æнхæст кæнонцæ, уæд нез нæ рапарахат удзæнæй.**

* * *

Нæ республики зæнхкосгутæ фæззигон культурити тиллæгæй нерæнгæ бал æрæмбурд кодтонцæ 143 мин тонни. Гъæууон хæдзаради минæвари загъдмæ гæсгæ, Цæгат Иристони айдагъдæр нартихуари куст кæнунцæ, зæгъгæ, гъуди. Аци анз нæ будурти исцæттæ ’й хъæдори, рапси, бæлтæрнай, хлепай, тумбул хъæдори æма ма берæ уалдзигæнди æндæр культурити тиллæг.

* * *

**Аци анзи райдайæнæй нуриуæнгæ æрцудæй 826 зингиссугъди. Фæммард си æй 7 адæймаги, фæййервæзун си кодтонцæ 11, æдас рауæнмæ еуварсгонд æрцудæнцæ 876 адæймаги. Гъæуайгонд æрцудæй 360 780 000 сомей аргъ материалон хæснатæ. Зингиссугъдтитæ фулдæр хæттити æрцæунцæ, сор кæрдæг игон рауæнти ке фæццæфсуй, уой фудæй. Хуарз æй е, æма сувæллæнтти фудуагдзийнæдти фудæй уæхæн бæлæхтæ не ’рцудæй.**

* * *

Куд гъавунцæ, уотемæй аци анз октябри Дзиуарикъæуи байгон уодзæнæй агрогъæу «Иристони гъæу». Уой фæзуати арæзт æрцæудзæнæй дæс æма дууинсæй адæймагей фагæ фондз хæдзарæгонди. Ка си æрбунат кæндзæнæй, еци бæлццæнттæ косдзæнæнцæ аллихузон гъæууонхæдзарадон кустити. Агрогъæутæ нæ республики исаразуни проекти туххæй бæлвурддæрæй цæуй дзубанди, абони 8-аг фарсбæл ци æрмæг мухур кæнæн, уоми..

## ЦÆГАТ ИРИСТОНИ АГЪАЗИАУДÆР АРÆЗТÆДТÆ



Уæрæсей экономикон ирæзти министри хуæдæййевæг Сергей НАЗАРОВ (галеуæрдигæй) æма нæ республики Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО комплекс «Мамисон»-и арæзтади.

# КУСТИТÆ ÆНХÆСТГОНД ЦÆУНЦÆ ÆНÆКЪУЛУМПИТÆЙ

Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Мæскуй косæг балций уогæй, архайдта Уæрæсей Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Александр Новак** ци æмбурд искодта, уоми. Дзубанди си цудæй анзи дæргъи еугур афæнтти косæг туристон-рекреацион комплекс «Мамисон»-и ирæзти хæццæ. Æмбурди архайдтонцæ бæсти экономикон ирæзти, финансон министрадти, монополити нихмæ службi, Кавкази ирæзти институти, инвесторти æма банкти минæвæрттæ.

Сергей Меняйло раздæр бал Александр Новакæн радзурдта, республики бæрни ка ’й, еци мадзæлттæ куд конд цæунцæ, уой туххæй æма æ радзубандий бахахæ кодта:

– Уæлдай æргом æздахæн, нæхемæ ист ихæстæ царди куд уадзæн, уомæ. Аразæг организацитæмæ æма нæ Хецауадæмæ ци гъуддæгутæ хаунцæ, уонæмæ ан къæрцгъос. Арæздадæ размæ цæуй, пъланти нисантæн сæ фулдæр хай конд æрцудæй. Циуавæрдæр зиндзийнæдти хæццæ дæр æмбæлæн, зæгъæн, цемент арæздадæмæ æрласуни хæццæ. Фал сæ уайтæкки ралух кæнæн.

«Кавказ. УФ»-й генералон директор **Андрей Юмашев** куд фæббæрæг кодта, уотемæй исуйнаг курорти хуæнхон лыжитæбæл бурæн инфраструктурæ тагъд фæззиндзæнæй. Аразæг бал бавналдта хуæнхтæмæ хæрдмæ есæнтæ, бурæн трасситæ, медæггаг нæдтæ, хедтæ, берæфадуатгин комплекстæ, хуæдтолгитæ æвæрæнтæ арæзунмæ. Кæд æма экономикон гæрæнтæ уойбæрцæ нæ уадзунцæ æвналун, уæддæр рæтæнти нæдтæн иссирдтонцæ гъæугæ хæйттæ.

Уæрæсей экономикон ирæзти министради хуæдæййевæг **Сергей Назаров** радзурдта, æ балци Цæгат Иристонмæ куд рауадæй, уой туххæй. Федералон ведомстви хатдзæгтæмæ гæсгæ, гъуддæгутæ цæунцæ графикмæ гæсгæ, фарстатæ уайтæккæ гъæугæ хузи райаразунцæ. Фæстæдæр дзубанди байахæстонцæ курорти дуккаг æма уомæй идарддæри арæздади къæпхæнтæ, гъæуама испайда кæнонцæ инвесторти фæрæзнитæй.

Федералон Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг Александр Новак куд фæббæрæг кодта, уотемæй Уæрæсей Президент æма Хецауади Сæрдар еудадзуг гъос дарунцæ туристон-рекреацион курорти арæздадæмæ. Æма уой фæдбæл загъта:

– Е айдагъ Цæгат Кавкази нæ, фал бæсти Хонсайраг хаййи æй тæккæ размæцуддæр проект. Е бахездзæнæй «Эльбрус» æма «Архыз»-и æмрæнгъæмæ. Гъæуама еугур нисантæ дæр афойнадæбæл æма æмгъудтæмæ гæсгæ арæзт æрцæуонцæ.

## АХСГИАГ ФАРСТАТÆ



### САЙРАГДÆР ÆРГОМ – СОЦИАЛОН ФАРСТАТÆМÆ

Еу адæймагæн мæйæмæ фæццæрунæн тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæ 2024 анзи исуодзæнæй 13729 соми: косгæ ка кæнуй, уонæн – 14965 соми, пенсиесгутæн – 11807 соми, сувæллæнттæн – 13331 соми. Аци нæуæг бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ ба фулдæргонд æрцæудзæнæй социалон феддонти бæрцæ дæр. Уой туххæй фегъосун кодтонцæ æрæги республикон Хецауади æмбурди.

Еума ахсгиаг фарстабæл дæр ма æрдзубанди кодтонцæ аци æмбурди. Арæздадæ æма архитектури министри хуæдæййевæг **Бæзати Дмитрий** куд фегъосун кодта, уотемæй 2022-2023 æнзти республики æнхæстгонд цæунцæ федералон бюджети инфраструктурон æфстæутти фæрци цалдæр социалон ахедгæ проекти: комплекс «Аква-Сити»-й инженерон инфраструктурæ Дзæуæгигъæуи, берæфадуатгин туристон-рекреацион комплекс «Къæхтисæр», Горæтгæрон райони, Дæргъæвси, уæдта Дзæуæгигъæуи астæуккаг хаййи Терки билгæрон цæрæн æма коммерцион арæздадæ.

Æ радзубандий ма Бæзай-фурт загъта:

– Сæрмагонд къазнайæй æфстæуттæ есуни берæ нин фадуат дæттуй инженерон инфраструктурæ æма социалон æгъдауæй вазуггин объекттæ аразунæн нæ республики. Нуриуæнгæ арæзт цæунцæ цæрæнуатон æма туристон комплекстæ. Æдеугурæй 2022 æма 2023 æнзти Цæгат Иристонæн гъæуама лæвæрд æрцæуа 1,5 миллиард соми. Уомæй уæлдай ма нин нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** байархайди фæрци уæлæнхасæн ма радех кодтонцæ 2,5 миллиард соми, кæцитæ харзгонд æрцæудзæнæнцæ инженерон инфраструктури райрæзтбæл, æхсæнадон транспортон фæрæзнитæ балхæнунæн, устур æхсæнадон ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн объекттæ исаразунбæл.

**Номдзуд æфсæддон архайæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр инæлар-болкъон Мамсурати Джиори фурт Хаджи-Умари райгурдбæл 15 сентябри исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1903-1968).**


Интернетæй ист къарæ.

# ЕВГЪУД ДЗАМАНИ ХАБÆРТТÆ – ЗÆРДÆБÆЛДАРУЙНАГ...

Уой туххæй е фегъосун кодта, Уæрæсей арæзт æрцæудзæнæй историон зæрдæбæлдаруйнади Национ центр. Уой тухххæй **Владимир Путин** фегъосун кодта «Уæлахез»-и организацион комитети æмбурди, кæций исаразта æрæги видеобастдзийнади хузи.

Æ радзубандий куд бафæдзахста, утемæй сæрмагонд равдист исаразун гъæуй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг нацисттæ алли рауæнти ци фудмиутæ аразтонцæ, уонæбæл дзорæг документтæй. Еци рæстæги цаутæ зонун æма сæ зæрдæбæл дарун хъæбæр ахсгиаг æй. Фиццагидæр уомæ гæсгæ, æма, куд Европи фулдæр паддзахæдти, утæ Украини дæр нуртæккæ дæр парахатгонд цæуй нацистон зундирахаст. Æма е ба еугур рæстзæрдæ адæмтæн цæйбæрцæбæл тæссаг æй æгæрон берæ æверхъаудзийнæдтæй, уой ба æнхæстæй балæдæрунгæнæн ес, нæ Фидибæстон тугъди рæстæги нацизм ци фудракæндтитæ исаразта, уой документалон æвдесæнти фæрци.

Æ радзубандий ма æримиста уой дæр, æма 1943 анзи уæззау уавæрти нæ бæсти разамунд рахаста унаффæ «Немуцаг оккупацийæй исуæгъдæгонд рауæнти хæдзарадæ иснæуæг кæнуни фæдбæл æнæфæстæмæфæккæсгæ мадзæлтти тухххæй». Гъеуæд фæстæмæ аразун райдæдтонцæ ихæлд сахартæ, гъæутæ, арæзт цудæнцæ кадавар уавæрти бахауæг адæмæн агъаз кæнуни фондтæ, цудæй агъазиау куст нæ сахарти промышленнон кустуæттæ фæстæмæ æркосун кæнуни фæдбæл. Уой фæдбæл дзоргæй, Президент утæ ке баханхæ кодта, гъома, еугур еци хабæрттæ абони дæр ахсгиаг æнцæ, уонцæ нин дæнцæ, е хумæтæги нæ адтæй: мæнæ нури сæрмагонд æфсæддон операций рæстæги берæ уæрæсейаг сахартæ æма кустуæттæ сæ усхъæ бадардтонцæ, Донбасси æма Лугански адæмон республикити, Запорожьей æма Херсони облæсттæмæ, агъазиауæй агъаз кæнунцæ, уонæми ци цæрæн хæдзæрттæ æрцудæнцæ ихæлд, уони исцалцæг кæнуни, кенæ ба си нæуæг хæдзæрттæ исаразуни кустити, архайунцæ, ци кустуæттæ си ес, етæ цæмæй æркосонцæ, уобæл.

Нуртæккæ нацизми зундирахасти фæззиндтитæ парахат кæнуни нихмæ нæ архайди гъæуама кæрæй-кæронмæ дæр пайдагонд цæуа, Устур Фидибæстон тугъди рæстæгæй цидæриддæр документтæ ес, етæ. Гъæуама еугур адæмтæн дæр æнæгъæнæйдæр æвдист æрцæуонцæ, нацистон командæкæнуйнадæ цæхуæн æверхъау миутæ аразта советон æфсæддон уацайрæгтæн æма сабур цардæй цæрæг æвуд адæмæн, Гитлер æма æ хъозæнтти, адæмтæбæл гадзирахаттæй рацæугæй, ци фудракæндтитæ исаразтонцæ, уой тухххæй документтæ…

Нури доги æвзиститæ куд равдистонцæ, утемæй, нацизм 1945 анзи æрсæттун кæд бантæстæй, уæддæр, гъулæггагæн, бундзарæй кунæггонд ба не ’рцудæй. Нуртæккæ Украини æма Прибалтиаг республики дæр паддзахадон фæтки хузæн иссæй националисттæй бæгъатæртæ аразуни политикæ, цума Нюрнберг уогæ дæр некæд адтæй, утæ.

Æма Владимир Путин куд баханхæ кодта, утемæй ба уой фудæй Европи паддзахæдти цæрæг дзиллити зингæ хаййæн сæ сæризунд ниффесинмитæ кодтонцæ, уобæл ка архайуй, етæ ба сæ фудзундæй архайунцæ Устур Фидибæстон тугъди истори сæхе уайæнти хузи рафинсунбæл. Уомæ гæсгæ ба архивон æрмæгутæ урухæй равдесун аккаг нихкъуæрд исуодзæнæй, евгъуди æцæгдзийнади нихмæ ка тох кæнуй, уонæн.

Историон зæрдæбæлдаруйнади Национ центр исаразуни гъуддаг ка гъæуама æнхæст кæна, уонæн Президент бафæдзахста, цæмæй æвæстеуатæй лухгонд æрцæуонцæ еугур организацион фарстатæ дæр.

* * *

Дзубанди дæр ибæл нæййес ауæхæн Центри исарæзт æнæмæнгæ гъæугæ гъуддаг æй. Фал цæмæй æ нисанеуæгмæ гæсгæ фæррæстмæ уа, уой тухххæй ба ахсгиаг æй, æ исаразун æма æ архайд кæмæн барæгонд æрцæудзæнæй, е. Е сагъæссаг фарста æй, уомæн æма фæстаг æнзти нæ фидибæстон историй вазуггин фарстати фæдбæл тæрхæнттæ кæнуни гъуддаг æхемæ ка райста, етæ сæхе хъæбæр къæсибадæгæй бавдистонцæ, æдзæсгонæй ниуусхъуммитæ кодтонцæ берæ хабæрттæ æма цаути æцæгдзийнадæ, цъифкалæнтæ фæккодтонцæ, нæ Фидибæстæн рæстуодæй алæмæти хуæрзти ка бацудæй, уонæбæл. Æма Центри гъуддæгутæ уонæн бабарæ кæнун нецихузи æнгъезуй. Æндæра бабæй рауайдзæнæй, «Фæндадтæй нæ куд хуæздæр, фал бабæй раудæй иннæ хæттити хузæн…», зæгъгæ, зунд-гонд загъди æмдзæф.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ТÆХОДУЙАГ ÆЙ, ФИДИБÆСТÆ РÆСТЗÆРДÆЙ КА УАРЗУЙ...

«Дæ Райгурæн бæстæбæл æновуд дæ?..» Уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ уæрæсейæгтæй кæмæ равардтонцæ, уонæн сæ фулдæр – 92% – куд зæгъунцæ, утемæй Фидибæстæ син цитгин æй, æновуд ибæл æнцæ. Уой хæццæ ба бæлвурдæй-бæлвурддæрæй сæхе уæхæн еузæрдиуонтæбæл нимайунцæ – 54% – раздæри æнзти хæццæ рабаргæй, тæккæ уæлиаудæр бæрæггæнæн. Фæстаг æнзти зингæ фендæрхузон æй, Фидибæстæбæл æновуд ун æцæгæй ци æй, уой лæдæрундзийнадæ. Е ци æй, зæгъгæ, уæд раздæр уой фæдбæл фулдæр зæгъиуонцæ: «Дæ бæстæ уарзун...», нур ба фæффулдæр æй загъд: «Косун æма архайун æ сæрбæлтау...»




Зæгъун гъæуй уой дæр, æма нуртæккæ нæ бæсти нихмæ æдзæстуарзон зæрдихаттæй нæмæ ци паддзахæдтæ кæсунцæ, етæ Уæрæсей нихмæ алли фудмиутæ ке аразунцæ, уомæ гæсгæ не ’хсæнади медæгæ зингæ фæффулдæр æй, патриот ун амонуй нæ бæстæ цийфæнди æфхуæрæнтæ дæр æма фудгингæнæнтæй дæр гъæуай кæнун гъæуй, зæгъгæ, ка гъуди кæнуй, уони бæрцæ. Нæ Фидибæстæй цæмæй гъæуама уæн сæрустур, еци сæйрагдæр хабæрттæ ’нцæ: Хъирим Уæрæсемæ æрбайеу кæнæн, Донецки æма Лугански Адæмон Республикити банимайундзийнадæ, спорти æскъуæлхтдзийнадæ. Уогæ æрфарст адæмæн се ’ртиккаг хай еци гъуддаги фæдбæл бæлвурдæй неци зæгъунгъон разиндтæнцæ. Алли дæсæймаг адæймаги гъудимæ гæсгæ ба, сæрустур цæмæй гъæуама уæн, уæхæн уадессагæй нерæнгæ нецима ’рцудæй.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Нæ рагфидтæлтæ сæ рæстæги уоййасæбæл æнгом æма хъаурæгин адтæнцæ, æма син тухгæнгутæй неке бон адтæй сæ басæттун. Еууæхæни бабæй сæмæ знаг бампурста, æма ин нæ рагфидтæлтæ бæрзæйсæттæн нихкъуæрд ку равардтонцæ, уæд федаунмæ фæцæй – æрбарвистонцæ сæмæ федаугути.

Бафедауни гъуддаг арæзт ку ’рцудæй, уæд æрбацæуугутæ бафарстонцæ фусунти:

– Мах дес кæнæн уæ нифс æма хъаурæбæл!.. Кæцæй уæмæ цæунцæ? Фæттасун ку нæ кометæ.

– Нæ паддзах ни утæ агоруй, – адтæй сæ дзуапп.

– Æма æ хæццæ фембæлæн, радзубанди кæнæн нæййес?

– Нуртæккæ фунæй кæнуй. Ку райгъал уа, уæд, бæргæ, фал дзоргæ нæ кæнуй.

– Уинун нин æй уæддæр фæккæнетæ!.. – ниллæудтæнцæ федаугутæ.

– Хуарз, – загътонцæ фусунтæ æма цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте мадæн рахæссун кодтонцæ нæуæгигурд биццеу.

– Е æй нæ паддзах. Уой федаунбæл гъуди кæнгæй ан æнæбасæттон, нифсгун. Е ни агоруй æхе æма æ зæнхæ гъæуай кæнун.

* * *

*Аци таурæхъи кой ма кæддæр дæр кодтан. Уæддæр ма ’й еума хатт имисæн, уомæн æма абони нæ цифуддæр знæгтæн, сæ бон ке нæй мах, нæдæр экономикон фудракæндтитæй, нæдæр тохæндзаумауæй басæттун, сæ цæф исаразтонцæ нæ кæстæртæмæ, ци гæнæн æма амал ес, уомæй архайунцæ уони сæризунд нидздзæгъæлтæ æма исусхъуммитæ кæнунбæл, цæмæй сæ Фидибæстæбæл дæр исустурзæрдæ уонцæ... Æма нæ абони сæйрагдæр ихæстæн сæ сæйрагдæр æй – тухгиндæр разиннун, цæмæй нæ кæстæрти исонибон знæгти еци æверхъаудзийнадæй багъæуай кæнæн. Аци гъуддаг нин ахсгиаг гъæуама уа Беслæни фудбæлах зæрдæбæл даргæй, нæ кæстæрти ахури нæуæг анзи надбæл рæствæндаг кæнгæй.*



**Мигель де УНАМУНО: «Наци нæуæгæй æ къæхтæбæл ислæуун кæнæн ес айдагъдæр скъолай фæрци. Скъола гъæуама исуа наций авдæнæ...»**

* * *

Куд дзорунцæ, утемæй Джон Кеннеди (Америки Еугонд Штатти 35-аг президент) кæддæр, дан, утæ загъта: «Советон ахурадæ – дуйней тæккæ хуæздæр æй. Мах си гъæуама берæ цидæртæ райсæн. Советон Цæдес космосон догъ рамулдта скъолай парти уæлгъос». Советон Цæдеси фехæлди фæсте «нæуæг цардиуагæ» аразгутæ нæ еци авдæнæ – адæмон ахурадæ – ниппурхæ кодтонцæ. Æвæдзи, сæ уодесæг адтæй. Гириззаг Анатолий Чубайс хумæтæги нæ загъта: «Скъола мин æгæрон æнæуинон адтæй...» Гъе уæхæнттæ советон скъола бабун кодтонцæ, сæ маст си есгæй.

**Антуан де СЕНТ-ЭКЗЮПЕРИ: «Цард æй, адæймаг еунæгæй кæбæл цæуй, уæхæн къахвæндаг...»**



* * *

Кæд утæ ’й, уæддæр адæймагæн гъæуама уа, ка ’й фæррæствæндаг кæндзæнæй, уæхæн зундамонæг. Нæ сабийтæн ба сæ карни райдайæни уæхæн зундамонгутæ исунцæ сæ ахургæнгутæ. А дуйнебæл уæлдай боз ке фæллойнæй ан, уонæй æнцæ нæ кæстæрти гъомбæлгæнгутæ. Арфиаг си ан, фæрнæйдзаг уæнтæ!..



**Рабиндранат ТАГОР (1861-1941), индийаг разагъди лæг: «Хæлаури тунæ æхе утæ фæддаруй, цума æртæхтæ ахæссуй, æцæгæй ба биндзитæ фæййахæссуй...»**

* * *

Нури æмæнтъери рæстæгути нæ адæми уодварни федардзийнади нихмæ архайгутæ сæ фудгæндити хæлаури тунæй гъавунцæ нæ кæстæрти уодтæ уацари райсунмæ, сæ илгъагдзийнæдти маргæй сæ фегъæстæ кæнун æма сæ фудвæндити амæттаг бакæнун. Федар фæллæууæн æма сæ еци бæлахæй багъæуай кæнæн.

**Советон Цæдеси Бæгъатæр, ССР Цæдеси æскъуæлхт тæхæг-фæлварæг, ССР Цæдеси Паддзахадон премий лауреат Остапенко Михаил Петри фурти райгурдбæл 17 сентябри æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1928-2012).**

***Владимир ПУТИНИ Указмæ гæсгæ, æфсади рæнгъити цæйбæрцæ гъудæй, уойбæрцæ ка баслужбæ кодта, еци æфсæддон службæгæнгутæн нисангонд æрцæудзæнæй сæ пенсий 100 процентттей бæрцæ уæлæнхасæн аллимæйон феддон. Сæрмагонд æфсæддон операций архайæг пенсиесгутæн аллимæйон компенсаци федуни фæткæ дæр бæлвурдгонд æрцæудзæнæй.***

# МЕМОРИАЛОН ЦИРТДЗÆВÆН — НОМДЗУД ДЕНГИЗОНÆН

Советон Цæдеси Бæгъатæр, фиццаг ранги капитан Къесати Астанæн Дзæуæгигъæуи кадгин уавæри æвæрд æрцудæй мемориалон циртдзæвæн. Аци цауæн æ ахсгиагдзийнадæ ма æй е дæр, æма нæ æхсаргин æмзæнхони райгурдбæл æрæги 11 сентябри исæнхæст æй фараст æма фондзинсæй анзи (1914-1977).

Уогæ ба адæймагæн æ ирисхъæ кутемæйти ба нæ исбæрæг уй – цæмæ фæббæллуй, е нæ, фал бустæги æндæр цидæр исуй æ цардвæндаги сæйраг гъуддаг. Уой æнгъæл ка адтæй, æма денгиз е ’нгæрон кæмæн нæй, еци Киристонгъæуи ка райгурдæй, еци лæхъуæн исуодзæнæй нæ Фидибæсти номдзуддæр денгизонтæй еу. Æма абони кæмити ба нæй игъустгонд æ ном – Къесати Николайи фурт Астан.

Ку зæгъæн, Къесати лæхъуæнæн æ фæсонæрхæги дæр некæд адтæй денгизон флоти службæгæнæг исун. Райгурдæй, денгизæй хъæбæр идард æвæрд ка æй, уæхæн гъæу Дигорай. Авдæнзон скъола каст ку фæцæй, уæд косун райдæдта гъæууонхæдзарадон коммуни.

Уæди рæстæгути ба уавæр уæхæн адтæй, æма нæ паддзахадæн тæссаг адтæй æндагон æзнæгти æрбалæборунæй. Æма син цæмæй федар нихкъуæрд раттунгъон уа нæ бæстæ, уой туххæй ба гъудæй, цæмæй гæрзефтонг тухтæ адтайуонцæ хъаурæгин, дæсни æфсæддон специалисттæй æнхæст. Æма берæ фæсевæд агурд цудæнцæ æфсæддон ахургæнæндæнттæмæ. Гъе уотемæй Къесай-фурт фæскомцæдесон фæдздзурдмæ гæсгæ ахур кæнун райдæдта М.В. Фрунзей номбæл æфсæддон-денгизон училищей. Æнтæстгинæй æй каст фæуугæй, Астан æрвист æрцудæй Сау денгизон флотмæ. Еу рæстæги фæсте бабæй æй нæуæгæй рарвистонцæ Ленинградмæ, денгизи буни накæгæнæг наутæн командиртæ кæми цæттæ кодтонцæ, уæхæн сæрмагонд къурситæмæ. Каст сæ ку фæцæй æнтæстгинæй, уæд æригон афицер фæстæмæ æрæздахтæй Сау денгизи флотмæ. 1941 анзи мартъий ба нисангонд æрцудæй донибунидзæуæг наубæлæгъ «Малюткæ»-йи командирæй.

Уæдмæ райдæдта Устур Фидибæстон тугъд æма си Къесати Астан кæрæй-кæронмæ æхсаргинæй фæйййархайдта. Æ тугъдон хабæртти туххæй бæлвурдæй финстан нæ газети цалдæр хатти. Фал уин сæ уæддæр цубурæй уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан.

Къесай-фурт ци наубæлæгъ «Малюткæ»-йи командир адтæй, е æнхæст арæзт дæр нæма адтæй, æ командæ дæр æмбурдгонд нæма адтæй, уотемæй ба кæми ибæл кустонцæ, еци сахар Николаевмæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ лæборун райдæдтонцæ.

– Тагъддæр архайетæ, рæстæг æнгъæлмæ нæ кæсуй махмæ, – баурдуг уидæ Астан науæ аразгутæмæ.

Уогæ етæ æнæуой дæр кустонцæ æдæхсæвæ-æдæбонæ, æнцойнæ нæ зонгæй. Æма, наубæлæгъ куддæр рацæттæ ’й, командæ дæр ин æнхæстæй æмбурдгонд ку ’рцудæй, уотæ ба «Малюткæ» бахаудтæй тугъди туфули. Цидæр адтæй, уæддæр син бантæстæй Севастопольмæ бахъæртун.

Гъеуутæ райдæдта сæ тугъдон цардвæндаг Астан æма æ наубæлæгъ «Малюткæ»-йæн. Цалинмæ тугъд нæ фæцæй, уæдмæ кæрæдземæй нæ фæххецæн æнцæ.

Берæ алæмæти уæлахезтæй фескъуæлхтæнцæ Къесай-фурт æма е ’мтохгæнгутæ. Хумæтæги сæ берæ хæттити нæ исхуарзæнхгин кодтонцæ нæ Фидибæсти кадгин хуæрзеугутæй. Къесай-фуртæн æхецæн ба 1944 анзи исаккаг кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Цитгингонд ма æрцудæй берæ æндæр мадзæлттæй дæр. Севастополи æма æ райгурæн Дигорай гъæунгтæ æма скъолатæ хæссунцæ æ ном. Севастополи сквертæй еуемæн лæвæрд æрцудæй æ ном. Еци рауæн ин исæвардтонцæ мемориалон циртдзæвæн дæр – æ бæрзæндæ æй 4 метри, æ уæзæ ба 37 тонни, уотемæй æй уордæмæ нихъхъæртун кодтонцæ Цæгат Иристонæй. Циртдзæвæн ин æвæрд ес Дигорай Кади Аллейи дæр. Нур ба Дзæуæгигъæуи дæр фæззиндтæй мемориалон циртдзæвæн – æ исаразунбæл байархайдта зундгонд скульптор **Хайти Ибрагим**.




Мемориалон циртдзæвæн байгон кæнуни фæдбæл арæзт цитгин мадзали архайдтонцæ Къесати муггаги минæвæрттæ, Дзæуæгигъæуи администраци, ветеранти Совети иуонгтæ, скъоладзаутæ æма æригон æфсæддонтæ.

# Æ ЦАРДВÆНДАГ ИССÆЙ КАДИ ÆНОСОНДЗИЙНАДÆМÆ НАД...

Дзиуаригъæуи скъолай музейи æмбурдгонд æнцæ, се ’мгъæуккаг арфиаг адæймæгути туххæй сæдæгай æвдесæнтæ. Фулдæр æма устурдæр бунат ба си ахæссунцæ Гæздæнти авд æнсувæрей туххæй æрмæгутæ. Уодигъæдæй нифсгун æма æхсаргин уогæй, уонæн авдемæй дæр равгæ нæбал иссæй Устур Фидибæстон тугъди будуртæй сæ фидиуæзæгмæ исæздæхун, немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи сæ цард нивондæн æрхастонцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау.

Рæстæг догъон бæхи хузæн æнсæндæнтæ кæнуй размæ. Нуртæккæ дæр бабæй ралæудтæй нæуæг бæгъатæрти догæ. Еци нæуæг фæлтæрæй еу иссæй Гæздæнти Алан дæр, Уæрæсей Федераций националон гвардий Цæгат Кавкази оперативон разамунддæттунади штаби афицер. Фæммард æй бæгъатæрæй сæрмагонд æфсæддон операций е ’фсæддон ихæстæ æнхæст кæнгæй.

Алан 2008 анзи каст фæцæй Дзиуаригъæуи астæуккаг скъола æма еци анз иссæй Уæрæсей медгъуддæгути министради медбæстон æфсæдти Санкт-Петербурги æфсæддон институти ахуркæнуйнаг.

Институт каст фæууни фæсте æрвист æрцудæй Дагестани республики медбæстон æфсæдтæн ци æфсæддон хай адтæй, уордæмæ. Адтæй минометæйæхсæг взводи батарейи командир. Уой фæсте службæ кодта Цæцæни республики æсгарæг штаби сæргълæууæги хуæдæййевæгæй. 2022 анзи ба æрвист æрцудæй, сæрмагонд тугъдон операци кæми цæуй, еци рауæнтæй еуемæ. 31 декабри æ тугъдонти къуар бахаудтæнцæ фатæхсти цирени. Ами Алан райста дуккаг контузи. Æхуæдæг æвæстеуатæй агъазгъæуагæ уогæй, уæддæр ци ма æ бон адтæй, уомæй агъаз кодта цæф тугъдонтæн.

«Ме ’фсæддонти ниууадзун мæ бон неци хузи æй, – гъæугæ ма кæнун…» – уотæ дзурдта æхсаргин командир, æхе ин тугъди будурæй рахæссунбæл нæ арази кæнгæй. Уæддæр æй æрæгиау уордигæй ку рахастонцæ, уæдмæ ба байрæги æй…

Бæгъатæри рохс ном иронх некæд уодзæнæй. Уомæн æвдесæн æнцæ, æ райгурæн гъæуи ин æ номерæнæн æрæги ци мадзæлттæ исаразтонцæ, уони цитгиндзийнадæ дæр.

Гæздæнти Алан æ райгурæн гъæуи ци скъола каст фæцæй, уой педагогон коллективи фæндæй æрæги, сæ бæгъатæр рауагъдони игурæн бони – 12 сентябри – ами æ номерæнæн игонгонд æрцудæй сæрмагонд стенд. Стенди æвæрд æнцæ е ’фсæддон китель, ходæ, грамотитæ, къартæ, документтæ.

Еци кадгин мадзали архайдтонцæ æ нийййергутæ, æ хуæрæ, е ’нсувæр, æ бийнойнаг æма æ сабийтæ, хæстæгутæ, æмгъæуккæгтæ, æмкъласонтæ. Æрбацудæнцæ Алани хæццæ ка службæ кодта, етæ дæр, уæдта Алагири районi разамунд, æхсæнадон æма ветеранти организацити, Ирæфи æма Алагири æфсæддон комиссариатти минæвæрттæ.

Гæздæнти Алан царди циуавæр адæймаг адтæй, уой туххæй лæмбунæгæй радзурдтонцæ скъолай директор **Гæздæнти Ритæ**, скъолай музейи разамонæг **Кочити Беллæ**, муггаги номæй ба **Гæздæнти Милæ**. Еци мадзали архайунмæ сæрмагондæй Дзиуаригъæумæ иссудæй Уæрæсей Федераций Цæгат Кавкази националон гвардий округи командæгæнæги хуæдæййевæг инæлар-майор **Сергей Черноиванов**. Æма æ радзубандий уотæ загъта:

– Майор Гæздæни-фурт æ тугъдон ихæстæ æнхæст кодта Херсони æма Запорожьей облæстти, æма æ устур лæгæхсарæ æма арæхстдзийнадæй аккаг байвæрд бахаста Уæрæсей æма нæ Фидибæсти интерестæ багъæуай кæнуни гъуддагмæ. Куд дæсни æфсæддон специалист, уотæ æ бон адтæй вазуггин тугъдон фарстатæ тæккæ гъæугæдæр хузи лух кæнун… Адтæй бæрнон командир æма хуæрззæрдæ æмбал, уæхæнæй æй сæ зæрдити дардзæнæнцæ, æ хæццæ ка службæ кодта, етæ. Уæлдай зæрдибунæй ба абони арфæ кæнун, уæхæн бæгъатæр, еузæрдиуон фурт ка исгъомбæл кодта, еци нийййергутæн – Гæздæнти Валерий æма Фатимæн. Сæ фурт кадгинæй рахаста уæрæсейаг афицери цитгин ном.




Æфсæддон ихæс æнхæстгæнгæй устур лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй майор Гæздæнти Валерийи фурт Алан Уæрæсей Федераций Президенти Указæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Жукови номбæл майданæй (æ рамæлæти фæсте).

Номерæн мадзали ма радзубанди кодтонцæ Алагири районi администраций сæргълæууæг **Дзантиати Ислам**, Фидибæстæ гъæуайгæнгæй æ цард ка равардта, уони бийнонтæмæ цæстдарæг Уæрæсей æхсæнадон организаций Цæгат Иристони хайади сæрдар **Татьянæ Днепровская**, æхсæнадон æзмæлд «Иристони Устур нихæс»-и Координацион совети сæрдар **Еналдити Хъазбег**, Дзиуаригъæуи хестæрти номæй ба **Тохтиати Алик**. Уонæй алкедæр æ радзубандий нифсæвæрæн загъд кодта, æ фæсте ин ци кизгæ æма биццеу байзадæнцæ, уонæн.

Еци бон ма Дзиуаригъæуи, Алан кæми райгурдæй æма æ нийййергутæ кæми цæрунцæ, еци хæдзари фарсбæл æвæрд æрцудæй къæйдорæй конд номерæн фæйнæг.

…Айдагъдæр æ хъæбæр хеуонтæ зудтонцæ, Алан æхе цæститæй ци фæууидта æма æхуæдæг ци бавзурста, уой туххæй киунугæ ниффинсуйнаг ке адтæй, уой. Фал ин нæбал бантæстæй. Финст ин си æрцудæй айдагъдæр еу сæргонд æма си ес уæхæн дзурдтæ: «Тугъдон нæдтæ – етæ æндæр æнцæ. Етæ тогдадзинтти хузæн уодæгас æнцæ, етæ ’нцæ ирисхъи нæдтæ. Царди æма мæлæти нæдтæ. Мах ами уой туххæй ан, цæмæй еци нæдтæ цæронцæ, уæлахезмæ нæ хонгæй. Над гъæуама адæймаги цард ма еса, фал æй гъæуама ервæзун кæна...»

Гæздæнти Алани царди над иссæй æносондзийнадæмæ над. Нæ ин бантæстæй æ фурт Маирбеги къохбæл ниххуæцун æма ’й скъоламæ фиццаг къласмæ бахонун, гъазæн киндзæй æ минкъий кизгæ Элини зæрдæ балхæнун, æ уарзон бийнойнаг Дианæн ма еухатт дæр зæгъун, цæйбæрцæбæл æгæрон хъазар ин æй, уой туххæй… Нæбал ин бантæстæй, куд аллихатт, уотæ æ фиди хæдзарæмæ ’рцæун, е ’мбæлтти хæццæ фембæлун…

Æнзтæ цæудзæнæнцæ, фал уæрæсейаг æфсади афицер Гæздæнти Алани рохс ном ба ирд æстъалуйæй цæхæртæ калдзæнæй æ уарзон Иристони цитгиндзийнади уæлæрвти.

***Æрмæгутæ бацæттæ кодта***
***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

*Идард Искæсæни тугъд ке фæцæй, уой фæдбæл нæ уæлахезæрхæссæг æфсæддон разамонгути æмбурди Советон Цæдеси Маршæл А.М. ВАСИЛЕВСКИЙ загъта: «Зæрдиаг арфæ дин кæнун, мæ хæлар Иссæ Александри фурт, Ленини еума орден æма Советон Цæдеси Бæгъатæри дуккаг Сугъзæрийнæ Стъалу дин лæвæрд ке 'рцудæй, уой фæдбæл...»*




Павел СУДАКОВИ конд хузæ «Квантунаг æфсади капитуляци».

# НӔ УӔЛАХЕЗ ИДАРД ИСКӔСӔНИ

Ӕстдæс æма инсæй анзей размæ, 1945 анзи 1 сентябри милитаристон Япони æ къох бафинста æнæуæлдай дзубандийæй æ гæрзтæ æрæвæруни акти. Еци агъазиау цау нимад цæуй Дуккаг дуйнеуон тугъд фæууни æвдесæнбæл.

Советон хецауадæ 1945 анзи 8 августи фегъосун кодта, милитаристон Японий нихмæ тугъдон архайд ке райдæдта, уой туххæй. Е хумæтæги нæ адтæй. Советон Гæрзефтонг Тухти тох кæнун гъудæй Маньчжурий, Корейи, Хонсар Сахалини æма Курили сакъадахтæбæл. Фронти дæргъцæ æнæгъæнæй адтæй мин километремæй фулдæр. Маньчжурий зæнхæбæл япойнæгтæ исаразтонцæ берæ æфсæйнаг æма сосе нæдтæ, аэродромтæ, лæууæнтæ æма тугъдон-денгизон базитæ. Советон арæни комкоммæ етæ исаразтонцæ 21 федаргонд районы. Советон æфсæдти нихмæ Идард Искæсæни лæудтæй знаги æфсæдти устур къуар. Уомæн æ бундор адтæй Квантунаг æфсад, адтæй си миллион адæймагемæй фулдæр, 5360 дзармадзани, 1155 танки, 1800 хуæдтæхæги. Японий тугъдон-денгизон флоти адтæй 500 тугъдон науей бæрцæ.

Идард Искæсæни тугъдон архæйдтити райдайæнмæ Советон Цæдеси 'рдигæй арæзт æрцудæй æртæ фронти: Фæсбайкали фронт (командæгæнæг – Советон Цæдеси Маршæл Р.Я. Малиновский), Идард Искæсæни 1-аг фронт (командæгæнæг – Советон Цæдеси Маршæл К.А. Мерецков), Идард Искæсæни 2-аг фронт (командæгæнæг – æфсади инæлар М.А. Пуркаев). Советон-гермайнаг фронти ка исуæгъдæ 'й, уæхæн устур хъауритæ уордæмæ рарветуни фæрци советон æфсæдти еугур нимæдзæ исхъæрттæй 1,5 миллион адæймагемæй фулдæремæ. Мах æфсæдтæмæ адтæй 26 мин дзармадзанемæй æма минометæй фулдæр, 5500 танкемæй æма хуæдцæугæ дзармадзанемæй фулдæр, 3800 хуæдтæхæгемæй фулдæр. Сабур форди флоти (командæгæнæг – адмирал И.С. Юмашев) æма Амури флотилий (командæгæнæг-адмирал Н.В.Антонов) адтæй 2 крейсери, лидер, 12 эсминецы, 78 донибунидзæуæг бæлæгъи, 500 æндæр науей бæрцæ, 1500 хуæдтæхæгемæй фулдæр.

Советон Гæрзефтонг Тухтæн Идард Искæсæни разамунд лæвардтонцæ: Сæйраг командæгæнæг – Советон Цæдеси Маршæл А.М. Василевский, Тугъдон Совети иуонг – инæлар-болкъон И.В. Шикин æма штаби сæргълæууæг – инæлар-болкъон С.П. Иванов.

Не 'фсæдти тугъдон архæйдтитæ райдæдтонцæ 9 августи размæ æхсæвæ, æртæ фронти сæ еугурдæр æмпурсунмæ ку рахизтæнцæ, уæд. Еци-еу рæстæг авиаци тухгин цæфтæ никкодта знаги федаргонд районтæн, уонæми аэродромтæн æма тугъдон-денгизон базитæн. Тæккæ фиццаг бон Фæсбайкали фронти æфсæдти тухтæн бантæстæй 50 километри размæ бацæуун, сæ разæй цæуæг отрядтæн ба – 150 километри. Советон æфсæддонтæ сæ æгæр кæд æлхъивтонцæ, уæддæр япойнаг æфсæддон хæйттæ раздахтæнцæ фæстæрдæмæ æма карзæй сæ нихмæ лæудтæнцæ. Зæгъæн, Хайлари районы тогкалæн тугъдтитæ цудæнцæ саунгæ 18 августи уæнгæ. Еци тугъдтити советон тугъдонтæ равдистонцæ дзиллон бæгъатæрдзийнадæ. Фæсбайкали фронти тугъдонти хæццæ еумæ тох кодтонцæ Манголи адæмон æфсади тугъдонтæ.

Милитаристон Японий нихмæ тугъди еугур рауæнти дæр не 'фсæдтæ размæ æмпурстонцæ æнтæстгинæй, нæ тугъдонтæ еугурæйдæр æвдистонцæ алæмæти бæгъатæрдзийнадæ, знаги бундзарæй ниддæрæн кæнунмæ нифс æма разæнгарддзийнадæ.

Советон æфсæддон хæйттæ Маньчжурий августи æмбесмæ размæ бацудæнцæ 100 километремæй ба 500 километри уæнгæ. Инæлар Плити Иссæ кæмæн командæ кодта, еци советон-мангойлаг æфсæдти бæхгин-механизацигонд къуар 18 августи бахъæрттæй Калганмæ æма Жэхэмæ, æма исæмбалдæй Китайи æстæймаг адæмон æфсади хæйтти хæццæ.

Квантунаг æфсад ниддехтæ 'й æма ислæмæгъ æй тугъдтити, ниллæудтæй исæфти къахбæл. Япойнаг рæнгъон æфсæддонтæ æма афицертæ 19 августи берæгæйттæй сæхе дæттун байдæдтонцæ уацари, фал ма еуæй-еу япойнаг æфсæддон хæйттæ идарддæр дæр ма дзæгъæли лæудтæнцæ нихмæ. Япойнаг æфсæдтæ сæ гæрзтæ тагъддæр цæмæй æрæвардтайуонцæ, уой туххæй æрвист æрцудæй уæлдæфон десанттæ Чанчуньмæ, Порт-Артурмæ, Дальниймæ, Гиринмæ, Харбинмæ æма æндæр сахартæмæ. Маньчжурий æма Цæгат Корейи иссæребарæгонд сахарти æма гъæути цæрæг адæм цийнæгæнгæй æмбалдæнцæ советон тугъдонтæбæл.

Советон æфсæдтæ Квантунаг æфсадæн – япойнаг милитаристти сæйраг тухтæн – ци бæрзæйсæттæн цæфтæ никкодтонцæ, етæ ахсгиаг адтæнцæ империалистон Япони бустæги ниддæрæн кæнуни гъуддаги. 1945 анзи 2 сентябри Токиой донбакæлæни линкор «Миссури»-й Японий бæрнон минæвæрттæ сæ къох бафинстонцæ æнæуæлдай дзубандийæй æ гæрзтæ æрæвæруни акти. Еци бон нимад æрцудæй Японибæл фæууæлахези бонбæл.

Идард Искæсæни ка тухтæй, еци советон тугъдонти æскъуæлхтдзийнæдтæн устур аргъ искодтонцæ советон адæм.

Сæрмагондæй нисангонд æрцудæй майдан «Японибæл фæууæлахези туххæй» æма си исхуарзæнхæ кодтонцæ, Японий нихмæ тугъди ка архайдта, уони еугурейдæр. Тугъди ка фескъуæлхтæй, уæхæн 308 мин тугъдонемæй фулдæремæн ма лæвæрд æрцудæй тугъдон ордентæ æма майдантæ, æртæсæдæ æфсæддон еугондæй, хайййæй æма науæй фулдæремæн лæвæрд æрцудæй ордентæ. Ӕхсæз æма цуаппаринсæй инæларемæн, адмиралтæн, афицертæн, сержанттæн, рæнгъон æфсæддонтæн, старшинатæн æма матростæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.


Интернетæй ист хузæ.

* * *

Советон Цæдес Японий нихмæ тугъди ке архайдта, уомæн ес еугурдуйнеуон ахедундзийнадæ. ССР Цæдеси Гæрзефтонг Тухтæ Идард Искæсæни бæгъатæр тох ке кодтонцæ, уой фæрци дзæвгарæ тагъддæр рахецæн æй Дуккаг дуйнеуон тугъд, берæ адæмтæ, уони хæццæ япойнаг адæм дæр, фæййервазтæнцæ æнæгъæуаги зиндзийнæдтæй æма зиантæй.

Японибæл фæуууæлахез ун дзæвгарæ агъаз адтæй Идард Искæсæни æма Сабур форди еугур бассейни сабурдзийнадæ исфедар кæнунæн. Фал уой фæсте æнзти америкаг империалисттæ Японий реакцион зундирахастбæл хуæст архайгути хæццæ æмдзæхдон исуогæй, еумæ æмвæндæй аразун байдæдтонцæ япойнаг милитаризм нæуæгæй æ къæхтæбæл ислæууун кæнуни æма еци рауæни уавæр фæллæгъуздæр кæнун хилкъахæн миутæ. Еци фæндитæ рæстæгмæ ниннидæн унцæ, уæдта бабæй нæуæгæй иситинг унцæ. Цума кæдмæ уотитæ кæндзæнæнцæ, сæ тугъдкъахæн миутæ кæд ниууадздзæнæнцæ?.. Уой нæ лæдæрунцæ, æма æзнæтгæнагæ галæн фиццагидæр æхе сиуæ ке сæттуй, уой?..

**_Сергей ЗАХАРОВ,_**
**_адмирал, историон наукити кандидат._**

## ИСТОРИОН ӔВДЕСӔНДАРТӔ



**Иосиф СТАЛИН 1945 анзи 2 сентябри æ фæдздзурди советон адæммæ уотæ загъта: «Абони, 2 сентябри, Японий паддзахадон æма æфсæддон минæвæрттæ бафинстонцæ Ӕнæразвæлгъау капитуляций акт. Денгизи дæр æма сорзæнхæбæл дæр бундæрæнгонд æма Еугонд нацити гæрзефтонг тухтæй аллирдигæй æртеголæгонд уогæй, Япони æхе састбæл банимадта æма æрæвардта æ тохæнгæрзтæ… Нæ советон пдæм нæ æвгъу кодтонцæ сæ хъауритæ æма фæллойнæ уæлахези сæрбæлтау. Мах бавзурстан уæззау æнзтæ. Фал нур ба ни алке бон дæр зæгъуй æй: мах фæууæлахез ан. Амæй фæстæмæ нæ бон æй, нæ Фидибæстæ ервæзст æй немуцаг æрбампурстæй нигулæн æма япойнаг æрбампурстæй искæсæни. Ралæудтæй, рагæй сабурдзийнадæ еугур дуйней адæмтæн…»**

**РЕДАКЦИЙӔЙ**: Милитаристон Япони 1945 анзи дæрæнгонд ке 'рцудæй æма уобæл е 'фсæддон-политикон разамунд æнæуæлдай дзубандийæй ке исарази æй, е нури рæстæгути кæмæйдæрти кенæ ферон æй, кенæ ба сæ æ имисун нæ фæндуй æма рафæлхатæ-бафæлхатæ кæнунцæ уæди цаути æцæгдзийнадæ, сæхецæй, куд фæззæгъунцæ, æвуд уæриккитæ аразунцæ, сæ фудбæл нæ сæттунцæ, фал, сæ бæсти уæди тугъдмондаг разамунди син æ уæргутæбæл ка æрлæууун кодта, уонæй фудгæнгутæ аразунцæ, уæлдай карздæрæй ба дзорунцæ сæ уæди ниддæрæнгæнæг Советон Цæдеси нихмæ, цæмæйти ба 'й нæ фудгин кæнунцæ. Нуриккон Уæрæсейæй ба цидæр «феддонтæ» агорунцæ. Ӕма нæ зæрди ес уони æдзæсгондзийнадæ раргом кæнуни туххæй сæрмагондæй æрмæгутæниммухур кæнун. Уомæй нæ ихæсгин кæнуй, нæ советон тугъдонтæ, се 'хсæн не 'мзæнхонтæй беретæ, цæйбæрцæл агъазиау хъазауат бакодтонцæ, беретæ си сæ цард Райгурæн бæсти сæрбæлтау ниводæн æрхæсгæй, уой фæдбæл зæрдæбæлдаруйнадæ.

***ЛОЛАТИ Батраз, Дигорай Цæголти Геуæргий номбæл бæстæзонæн музеи директор: «Советон цардиуаги тæккæ райдайæни фæззиндтæй фæскомцæдесон къуар – æ фиццаг, аразæн æмбурд адтæй 1920 анзи 14 майи. Анзæй-анзмæ ирæзтæй организаци æма федардæр кодта. Кæд æма 1922 анзи æ рæнгъити адтæй æдеугурæй 150 фæскомцæдесони,***



**Сæрмагонд нисанеуæги хæйтти (ЧОН) иуонгтæ. Еци хæйттæ арæзт цудæнцæ Советон хецаудзийнадæн контрреволюций нихмæ тохи агъаз кæнунæн.**

# БАЗУРГИН ФÆЛТÆР



**БÆДОАТИ Хъазбег,**
**(1901-1979)**
финсæг, æхсæнадон архайæг

*Бæдоати Хъазбеги имисуйнæгти фиццаг хай ниммухур кодтан нæ газети 33-аг номери. Æма си кæронбæттæни куд финста, утемæй Советон хецаудзийнади фиццаг æнзти Цæгат Иристони, бæлвурдæй ба Беслæнигъæуи фæскомцæдесонтæ архайдтонцæ зин æма тæссаг уавæрти. Сауæнгæ сæ еумæйаг æмбурдти дæр бадиуонцæ сæ тохæнгæрзти хæццæ. Æнæ уонæй ба цæуæн нæ адтæй, уомæн æма ма еци бæнтти уорсити байзайæггæгтæ æма уони хузæн алли давгутæ еумæ лæбурдтонцæ зæнхкосгутæмæ сæ кусти уæлгъос, мардтонцæ æхсæнади косгути.*

## ÆМА ФÆСЕВÆД ХЕБАРÆЙ ЦУДÆНЦÆ РÆСТАГ ТОХМÆ

Зæгъæн, изæригон цæуй нæ фæскомцæдесон æмбурд (бонигон алке æ хæдзари æма æндæр куститæй æмбурдтæмæ нæ евдалдæй), уæд си фæсевæд уоми бадиуонцæ, алкæмæн æ тохæндзаумау æ гъæбеси, мæнæ зæронд лæгтæ нихæси сæ лæдзгути хæццæ куд бадиуонцæ, уотæ. Уомæн æма фæдеси гъæр ци сахат райгъусдзæнæй, е бæрæг нæ адтæй, æма уæд тохунмæ цæун гъудæй æвæстеуатæй. Еци хабæрттæ ку фæккæнæн нур фæсевæдæн, уæд еуæй-еуетæ уотæ фенгъæлунцæ, цума уæди фæскомцæдесонтæ айдагъдæр гæрзефтонг æфсæддонтæ адтæнцæ – тохæндзаумæттæ сæ хæццæ ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ. Раст зæгъгæй, уæди рæстæгути етæ еугурæйдæр еумæ (партионтæ дæр) нимад адтæнцæ æфсæддон хайбæл – ЧОН (части особого назначения) хундтæй, Советон хецаудзийнади знæгти нихмæ тох кæнуни туххæй. Æфсади куд фæууй, уотæ аци къуæрттæ дæр дехгонд цудæнцæ бæлвурд хæйттæбæл – батальон, ротæ, взвод... Æма кæддæриддæр цæттæ адтæнцæ багъæуаги тохмæ рацæунмæ.

... Кисловодски рази 1920 анзи кубайнаг станицитæ Бургустан æма иннети æрæнцадæй инæлар Хвостикови гæрзефтонг бандæ. Еци уорс инæлари алфамбулай фулдæрæй-фулдæр æмбурд кодтонцæ, Деникини пурхæгонд банди байзайæггæгтæ, цæмæй сæ е фæстæдæр байеу кæна, денгизæй Хъириммæ ка рахизтæй, еци уорс барон Врангели æфсæдти хæццæ. Æ нихмæ тухæ æрæвæрун гъудæй. Большевикти партий Центрон комитетæй æрвист æрцудæй сæрмагонд финстæг, цæмæй коммунисттæй æма фæскомцæдесонтæй дæс процентей бæрцæ мобилизацигонд æрцæуа Врангели нихмæ тохмæ æрветунæн.

Еци гъуддагбæл партион-фæскомцæдесон æмбурдти ку цудæй дзубанди, уæд ибæл уоййасæбæл берæ дзорун нæ багъудæй коммунисттæ æма фæскомцæдесонтæн сæ фулдæр барвæндонæй рандæнцæ тугъдмæ.

Мадта 1921 анзи Елхотти æма Змейки гъæдти ци афицертæ æма давгутæ æрæмбурд æнцæ, уони нихмæ гæрзефтонг операци ку багъудæй, уæд ЧОН-и батальони штаб Æрæдонæй исистадæй æма Даргъ-Къохи станцæмæ æрæййивта æ бунат, гъæутæй ба æ фарсмæ æрбалæудтæнцæ ЧОН-и иннæ хæйттæ. Æма къазармати æрæнцадæнцæ. Къазарматæ ба син адтæнцæ, ревæдæй ка байзадæй, еци нартихуари амбартæ. Уоми цардæнцæ æфсæддон цардæй, æма гъæдæмæ операций цудæнцæ, цалинмæ бандæ пурхæгонд не 'рцудæй, уæдмæ.

Бандитæ ку искунæг æнцæ, уæдта æригон паддзахади размæ фæззиндтæй нæуæг агъазиау ихæс: хуаллаги хъалон (продналог) тагъддæр æрæмбурд кæнуни æма 'й хæлæйфаг фæууннæй багъæуай кæнуни гъуддаг æнхæст кæнун.

Еци ихæс дæр бабæй æрхаудтæй ЧОН-и тугъдонтæмæ. Гъуди ма 'й кæнун: ЧОН-и тугъдонтæ ба уæд дзурд райстонцæ, цæмæй æрæнцайуонцæ къазармай уавæри. Кæмидæриддæр хуар æма фонсесæн пункттæ адтæй, уоми æрæвардтонцæ гъæуайгæнæн бунæттæ, гъæуайгæнгутæ ба си адтæнцæ ЧОН-и æфсæддонтæ. Нæ гъæуи фæскомцæдесонтæй еуетæ æрвист æрцудæнцæ еци кустмæ нæ синхаг Мæхъæлмæ, иннетæ ба Иристони алли хуаресæн пункттæмæ. Æз мæхуæдæг адтæн Даргъ-Къохи станций. Мæ хæццæ ма нæ гъæуæй адтæнцæ Хъамбегати Вася æма Хæдарцати Темболат, нартигъæуккаг Колити Харитъон æма Николаевски станицæй еу (æ ном æма муггаг ин нæбал гъуди кæнун). Уалдзæгæй ба сæрди уæнгæ си æртæ мæйи фæцан, цалинмæ продналог æмбурдгонд фæцæй, уæдмæ.

## ЕСКЕ АГЪАЗМÆ ÆНГЪÆЛ НЕКÆД КАСТАН...

Будури куститæй минкъий евдæлондæр рæстæги æфсæддон гъуддæгутæбæл дæр ахур кодтан. Нæ гъæуи ЧОН-и иуонгтæ нимад адтæнцæ еу взводбæл. Еудзамани ин взводæн командæгæнæг адтæй, æфсæддон гъуддаг хуарз ка зудта, уæхæн – æ муггаг Гиль. Гъуди ма 'й кæнун, гъæугæронмæ нæ куд ракæнидæ, æма нæ уоми æфсæддон гъуддагбæл ахур кодта сæумæй рæфтæмæ. Еухатт взводи хæццæ еу абæреги ахæссунмæ рандæнцæ Заманхъули гъæдæмæ æма уоми нæ командирæн æ уæраг фæццæф æй. Уой фæсте ин дохтиртæ æ зæнгæ ралух кодтонцæ.

Еухатт ба нæ разæнгарддæр фæскомцæдесонтæй еу – Хъесати Хъаурбег – æнафони æмбурдæй сæ хæдзарæмæ ку цудæй, æма сæхемæ æнхæст дæр нæма бахъæрттæй, утемæй æй знаггадæгæнгутæй кадæртæ тегъи ауунæй топпæй багæрах кодтонцæ, æма уоми фæммард æй.

Нæ аци архайд кæд ахсгиаг æма тæссаг адтæй, уæддæр е сæйраг нæ адтæй уæди фæскомцæдесонти кусти. Ленин уотæ ке фæдзахста, фæсевæди гъæуй ахур, ахур æма ахур кæнун, е ни еу бон дæр некæд адтæй иронх. Уомæй разæнгард уогæй фæсевæд ивулун райдæдтонцæ Дзæуæгигъæумæ æма алли æндæр сахартæмæ, ахур кæнунæн гъæугæ равгитæ кæмидæриддæр адтæй, уордæмæ. Бацæуиуонцæ рабфактæмæ, астæуккаг скъолатæмæ æма алли къурситæмæ. Уой фæсте ба – институттæмæ. Фал уотæ æнцон нæ адтæй ахурмæ над дæр. Берæ хæттити хъаугъатæ дæр рауайидæ биййонти астæу. Зæгъæн, мæнæн мæхе дæр хъæбæр фæндадтæй еци фиццаг æнзти ахурмæ бацæуун. Фал хæдзари авд биййнойнагемæй æз æма мæ фидæй æндæр кустгъон нæлгоймаг нæ адтæй. Мæ фидæ – зæронд. Гъæдæмæ цæун æ бон уоййасæбæл нæбал адтæй. Æма барæ-æнæбари дæр изадтæн нæ хæдзари: уойбæрцæ биййонтæн хумæ ка кодтайдæ, гъæдæй син сог ка ластайдæ?

Ахид фегъосианæ: «Адæм еугурæйдæр ахургонд ку исуонцæ, уæд ма син хуар ба ка зайун кæндзæнæй?..» Е адтæй берæ хестæрти тухгиндæр цæлхдор, ахур кæнуни фæндæ сæ кæстæртæй кæмæ фæззиннидæ уони размæ. Æма берæ хæттити фæсевæди æнгъæлмæ кæсун багъæуидæ хуæздæр фадуæттæмæ.

Айдагъ кæсун æма финсунæй æндæр ка неци зудта, уони размæ дæр ихæс æвæрд адтæй: «Дæхуæдæг цæйбæрцæ зонис, иннемæн дæр уойбæрцæ байамонæ». Мадта цæмæй силгоймаг æ къохмæ къариндас æма тетрад райса, уой туххæй бал æй æндиудæй адæми 'хсæнмæ рацæун гъæуй. Мæрддзогойнæ нæ (уобæл ахур адтæнцæ), фал адæм сæ цардæн еумæ унаффæ кæми кæнонцæ, æма е дæр æ фæндæ кæми зæгъа, уæхæн рауæнмæ.

Кизгуттæ еугай-дугайæй кæрæдземæ гæсгæ цæун байдæдтонцæ фæскомцæдесмæ. Уони хæццæ æнцондæр адтæй. Гъазтизæртæмæ дæр сæ хонæн адтæй. Фал хестæр силгоймæгтæ ба, кенæ киндзитæ, мадтæлтæ?

Гъуди ма 'й кæнун, фиццаг спектакль ку исæвардтан скъолай бæстихаййи, уæд адæм фулдæр цæмæй æрцæуа, уой туххæй ма фæскомцæдесонтæн байхæс кодтан: алкедæр си гъæуама уордæмæ æрхудтайдæ æ мади, æ хуæрти, æ киндзити.

Уогæ гъазтизæртæ ба кæми арæзтан, клуб кæми адтæй? Нæ гъæуи скъолай дууæ къласемæн адтæй байеу кæнæн се 'хсæн фæйнæгутæй фарс, утемæй. Скъолай хецау нин раздæр æнæкъулумпийæй лæвардта еци къластæй пайда кæнуни барæ. Партитæбæл фарси фæйнæгутæй сцени пъол райарæзтан, нæ хæдзæрттæй кæттæгтæ æрбахастан æма уонæй ба сценæ разæй исæхгæдтан.

Æнæ ести зæран æрхæсгæй, кæми фæцæйуонцæ уæхæн æмбурдтæ скъолайæн: партитæ, фæйнæгутæ æма къæрæзгитæ ахид састæнцæ. Æма нин скъолай директор нæбал уагъта уоми нæ культурон рохсадон мадзæлттæ аразун. Уæд Дзæуæгигъæумæ ахури хайади хецаумæ ниффинстан уæхæн финстæг: «Нуриуæнгæ нæ гъазтизæртæ кодтан скъолай бæстихаййи. Нур нин скъолай хецау барæ набал дæттуй. Корæн æма имæ гæгъæди ниффинсетæ, цæмæй нин æнæкъулумпийæй барæ дæтта нæ гъазтизæртæ аразунæн…»

Ахури хайади хецау æнгъæл адтæй, скъолай директор си æцæгæй барæ коруй, зæгъгæ. Æма имæ æнæ уæлдай дзубандитæй ниффинста: «Цалинмæ Беслæнигъæуи фæскомцæдесонтæ сæхе клуб исаразонцæ, уæдмæ син скъолай бæстихаййи барæ дæдта сæ гъазтизæртæ аразунæн».Æма бабæй нæуæгæй нæ куст фæрræвдзæ 'й.

Гъазтизæрæн æ сæйраг хай иссæй спектакль-пьесæ. Фал пьесæ ку нæ уа, уæд спектакль цæмæй равдесдзæнæ? Инсæйæймаг æнзти культурон куст ка кодта гъæууон дзиллити 'хсæн, етæ 'й хуарз гъуди кæндзæнæнцæ, нæ маддæлон æвзагбæл пьеситæ куд хъæбæр гъудæнцæ æма куд æстæн адтæнцæ, уой.

## НÆ ЦАРДИ ГЪУДДÆГУТÆ АРАЗТАН НÆХЕ ЗУНД ÆМА ХЪÆУРИ ФÆРЦИ

Мæ зæрдæбæл бабæй æрбалæудтæй уæхæн хабар. Æз адтæн нæ фæскомцæдесон къуари бюрой иуонг. Мæ бæрни адтæй культурон-рохсадон куст аразун. Адтæй нæмæ еу уат – косæндонæ. Е дæр – мæ бæрни.

Драмон къуарæн пьесæ иссерун дæр мæнмæ кастæй. Еу хатт сахармæ иссудтæн нæ фæскомцæдесон Хъанухъуати Фатимæмæ. Уæд е сахари цардæй (æнгъæлдæн, ахурмæ бацудæй). Балигъстæ ин кодтон, пьесæ нин ескæми иссерæ, зæгъгæ. Е берæ фæссагъæс кодта, æ сахайраг зонгитæй ирон пьесæ кæмæ уодзæнæй, уобæл. Фæстагмæ мин загъта:

– Ами некема зонун, фал Алагири мæ еу зонгæмæ ес Хъороти Дауити финст пьесæ «Æз нæ уыдтæн, гæды уыди». Кæд имæ фæццæудзинайтæ, уæд дин æз уомæ гæгъæди ниффинсдзæнæн.

Цийнæгæнгæй исарази дæн. Гæгъæди си рахастон. Дуккаг бон нæ хæдзари мæ бæхбæл саргъ исæвардтон æма Алагирмæ рараст дæн. Уоми мæ гъуддаг фæрæстмæ 'й, утемæй æрбаздахтæн нæхемæ æма нæуæг пьесæмæ гæсгæ спектакль цæттæ кæнун байдæдтан.

Уæлдæр æй ку загътон, клуб нин ке нæ адтæй, уой туххæй нæ еухатт багъудæй скъолай хецау æма ахуради хайади косгути расайун дæр. Уæхæн уавæрти ке адтæн, е нæ зæрдæмæ кутемæй цудайдæ, алкæд ескæмæй корæг æма лигъстаг цæмæн гъæуама адтайанæ. Уомæ гæсгæ ба архайдтан, цæмæй нæмæ адтайдæ нæхе клуб. Æма, кæд æрæгиаути, уæддæр еци гъуддаг нæ къохи бафтудæй. Уогæ уотæ æнцонтæй нин нæ бантæстæй. Дууæ боней дæргъи фæззилдæнцæ фæскомцæдесонтæ хæдзæрттæбæл. Еугуремæ нæ цудæнцæ, фал устур бæстихай кенæ даргъ саратæ кæмæ адтæй, уонæмæ. Агурдтонцæ, клуб кæми исаразонцæ, уæхæн рауæн.

Аци хабæртти кой кæнун мæ роман «Тохæй-тохмæ»-й фиццаг киунуги. Литературон уадзимиси æримисгæ дзубандитæ нæ 'нцæ, фал инсæйæймаг анзи нæ исони клубæн бæстихай иссерунбæл куд зилдан гъæубæл, уой æвдесæг æцæгдзийнадæ.

Фæстагмæ байстан (коргæ нæ, фал æцæгæйдæр байстан) еу тукани бæстихай, даргъомау гъæуккаг азгъунст, æ фæрстæ самандорæй амад. Æ «хурфидзаумæуттæ» ин раревæд кодтан æма си клуб ара-

**Кæрон.**
**Райдайæн 33-аг номери.**

**Зундгонд поэт, Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Плити Дауити фурт Харитони райгурдбæл 19 сентябри æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1908-1966).**

зунмæ бавналдтан. Ци гъудæй, уони нæ хæдзæрттæй æрхастан – кæмæ ци разиндтæй, уой: агоридортæ, къирæ, гъæдæрмæг, зæгæлтæ... Гъудæй ма цалдæр кубометри дзæбæхдæр фæйнæгутæ сценæ исаразунæн. Уони иссерун дæр мæн ихæс адтæй, куд культурон-рохсади кусти бæрнон. Нæ секретарь мин ци гæгъæди ниффинста, уой хæццæ балæудтæн Дзæуæгигъæуи фæскомцæдеси окружкоми. Уоми мин гæгъæди ниффинстонцæ Хуæнхон республики Совнархозмæ, цæмæй мин еци фæйнæгутæ раттонцæ. Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте мæ къохти бафтудæнцæ.

Еци фæлтæрæнтæ æма гъезæмæртти фæсте нæ къохи бафтудæй, рæстæгмæ кæми кустайанæ, уæхæн клуб исаразун.

Еци клуб исаразун махæн цæйбæрцæбæл ахсгиаг адтæй æма нин ке бантæстæй, уомæй сæрустур ке адтан, уой нури æригæнттæй, æвæдзи, кадæртæ нæ балæдæрдзæнæнцæ. Уотæ уомæ гæсгæ зæгъун, æма уой исарæзт нин цæйбæрцæбæл æхцæуæн адтæй, уой мæ романи фиццаг киунуги ку бавдистон, уæд мин еу æригон критик уотæ ку зæгъидæ:

– Гæрр, клуб аразун уотæ æхцæуæн гъуддаг адтæй? Бæсти адæмон хæдзарадæ æнæгъæнæй зæууатмæ ку 'рцудæй, дæ хъайтартæ ба сæ хъаурæ æнæгъæнæйдæр клуб аразунмæ ку раздахтонцæ...

Æцæгæйдæр, уæд бæсти хæдзарадæ адтæй æдзæллаг, пурхитæ. Будурти æнæгъудгонд зæнхитæ хæмпæли буни фæцæнцæ. Гъæуи медгæ къанæутти сæрти хедтæ фехалдæнцæ æвæгæсæгæй, гъæунгтæ æдзæллаг уавæрмæ æрцудæнцæ. Фал етæ дæр иронх нæ адтæнцæ. Уæхæн хуцаубон нæ адтæй, партионтæ æма фæскомцæдесонтæ зеуæй кæд нæ рацудæнцæ хедтæ æма гъæунгтæ фæлгонц кæнунмæ. Сæ хæццæ берæ уидæ æнæцæдесон фæсевæд æма æнæпартион адæмæй дæр.

Фал етæ уæддæр фагæ некæмæ кастæнцæ. Нæуæг догæ аразгути, айдагъ вагæнттæ æма хедтæ цалцæг кæнун нæ гъудæй, фал сæхе зундирахаст дæр райаразун нæуæг цардарæзти домæнти аккаг, цæмæй хуæздæр уинонцæ сæ развæндаг. Æма гъе уомæн уотæ тухстæнцæ сæ клуб тагъддæр исаразунбæл.

## ДЕССАГИ ЦАРДБÆЛЛОН ÆМА РАЗÆНГАРД АДТÆНЦÆ НÆ ФÆСЕВÆД

*Аци уац Бæдоати Хъазбег ниффинста цуппар æма дууинсæй анзей размæ (1974 анзи) – Цæгат Иристони автономий дæс æма дууинсæй анзей фæдбæл. Æма уæди цардиуаги уавæртæмæ гæсгæ æ радзубандий кæронбæттæни цæбæлти дзоруй, уонæй цидæртæ, æвæдзи, еуцæйбæрцæдæр æнæхур фæккæсдзæнæнцæ нуриккон кæсгутæмæ, уæлдайдæр ба æригæнттæмæ, фæскомцæдесонти цард æма хабæрттæ айдагъдæр хестæрти дзубандитæй ка зонуй, уонæмæ. Уомæ гæсгæ ба Бæдойфурти имисуйнæгти кæронбæттæни хай мухур кæнæн нæхе, редакцион феппайуйнæгти хæццæ.*

*Ку зæгъæн, аци уац Бæдойфурт ниффинста Цæгат Иристони автономий дæс æма дууинсæй анзей фæдбæл, æма 'й уомæ гæсгæ ба райдæдта мæнæ уотæ: «Æноси æрдæг... Е берæ 'й æви минкъий?.. Адæми истори базæнтæй нимайæй берæ рæстæг нæй. Фал еци рæстæги ци цаутæ æма æййивддзийнæдтæ æрцудæй, уонæмæ гæсгæ ба 'й агъазиау исхонæн ес...»*

*Бæдой-фурт æ уаци кæронбæттæн дæр райдæдта еци фарстайæй: дæс æма дууинсæй анзи берæ 'нцæ æви минкъий. Æма уотæ зæгъуй:* «Еци фарстайæн дзуапп раттуни туххæй ма æрхæсдзæнæн уæхæн нимæдзтæ дæр. Инсæйæймаг æнзти, Беслæнигъæуи фæскомцæдесон организаци ку исæвзурдæй, уæд си бæрцæй адтæй инсæй фæскомцæдесони. Абони Беслæнигъæу æй устурговау сахар, берæкъабазгин адæмон хæдзаради хæццæ: ес си берæ аллихузон промышленнон æма арæзтадон, гъæуууонхæдзарадон æма культурон кустуæттæ, социалон косæндæнттæ. Уомæ гæсгæ ба, гъæй-гъæй, ирæзуй æ цæрæг адæми бæрцæ дæр.

Раздæр рæстæгути Беслæнигъæуи æма æфсæн нади станций адтæй æдеугурæй дууæ фæскомцæдесон организаций. Сæ иуонгти нимæдзæ ба хъæрттæй тæккæ фулдæр 30-40 адæймагей уæнгæ. Нуртæккæ сахар Беслæни ес æхсæз æма дууинсæй фæскомцæдесон организаций, фæскомцæдесон иуонгтæ ба – дууæ минемæй фулдæр.

Етæ еугурæйдæр косунцæ адæмон хæдзаради алли къабæзти, кенæ ба нерæнгæ ма ахур кæнунцæ (сахари абони ес фондз астæуккаг скъолай, еу астанзон, еу интернат æма еу профтехникон ахургæнæндонæ).

Цубурдзурдæй, нæ нуриккон фæскомцæдесонтæн сæ зингæ фулдæр хай æнцæ, «Фиди фарнæ мæрдтæмæ нæ цæуй», зæгъгæ, кæмæй фæззæгъунцæ, уæхæн цардбæллон лæхъуæнтæ æма кизгуттæ. Нæ доги аккагæй сæхе æвдесунцæ, ка си кæми æй, уоми – фæллойни кенæ ахури гъуддаги. Сæхе лæгигъæдгунæй æвдесунцæ, берæ арфиаг гъуддæгутæ аразун син æнтæсуй. Сæ еугурей ка фæннимайдзæнæй, айдагъдæр си еуцалдæрей кой искæндзæнæн.

Сахари нигулæн фарс, Терки райдзаст билæбæл, цалдæр анзей размæ арæзт æрцудæй нæуæг завод. Айдагъ æ азгъунститæмæ гæсгæ нæй нæуæг, фал си медæгæй ци ефтонггæрзтæ ес, етæ дæр æнцæ тæккæ нуриккондæр домæнттæмæ гæсгæ техникон фæрæзнитæ. Хонунцæ 'й «Автоспецоборудование» – æ номæй дæр бæрæг æй, циуавæр продукци си уадзунцæ, е.

Еци заводи еугур косгутæй еу бригади еумæ бакъуар æнцæ дууадæс биццеуи. Æнцæ фондз адæмихаттемæй: сæ бригадир Биньямин Баба – ассирийаг, ес си немуцаг, украинаг, дагестайнаг, уруссæгтæ æма ирæнттæ. Еумæйагæй сæмæ е ес, æма сæ еугурдæр райстонцæ астæуккаг ахургонддзийнадæ, уæдта сæ кусти, еу адæймаги хузæн, кæрæдзей лæдæрунцæ.

Адæймаги хуарз косæг исхонунæн еуæй-еуетæ фагæбæл нимайунцæ айдагъдæр уой, æма кустадон пълан, дан, æнтæстгинæй æнхæст кæнуй. Фал Бабайи бригади иуонгтæн сæ лæгдзийнадтæ айдагъ кустадон бæрзонд бæрæггæнæнтæй нæ 'нцæ, фал ма берæ æндæр арфиаг менеугутæй. Æрхæсдзæнæн еунæг дæнцæн.

## ХЪÆППÆРЕС, АРФИАГ ГЪУДДÆГУТÆ АРАЗУНМÆ ТУЛАВАСТ АДТАН

Цæветтонгæ, бригади иуонгтæ 1973 анзи сæхемæ ихæс райстонцæ, анзи кæронмæ хуæдтолги фæдбæл æфтаугæ уæрдун (прицеп) исаразуни туххæй – кадæр зæгъдзæнæй, æма уоми уанæбæрæг дессагæй ци ес, зæгъгæ. Дессагæй ба си е адтæй, æма косун гъудæй æнæзонгæ нæуæг чертежтæмæ гæсгæ. Еци нæуæг кустбæл уотæ зæрдиагæй сæхе гъардтонцæ, æма 'й исаразтонцæ æнæгъæнæ квартæл раздæр. Уомæй ба кæрæй-кæронмæ еци чертежтæмæ гæсгæ нæ кустонцæ, фал уæрдун никки хуæздæр куд рауадайдæ, уæхæн æййивддзийнæдтæ сæмæ хастонцæ.

Бригадæ уотæ æмзунд, æмзæрдæй косуй, æма, зæгъæн, еске си фæссæйгæ 'й æма уой фудæй кустмæ нæ рацудæй, уæд иннетæ сæ хъауритæбæл бафтаунцæ, никки разæнгарддæрæй байархайунцæ, цæмæй бригадæн æ бони куст ма фæмминкъийдæр уа. Сæ сæйгæ æмбали нормæ дæр фенхæст кæнунцæ, цæмæй, сæ фæсте конвейери ци бригæдтæ косунцæ, етæ дæр ма бакъулумпи уонцæ.



Фидибæсти сæрбæлтау рæстуодæй фæхъхъазауатгæнæг фæскомцæдесонтæн циртдзæвæн æ рæстæги æвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи Фæскомцæдесон парки.

Бригади хуарзи кой нихъхъæрттæй сауæнгæ Мæскумæ дæр. 1973 анзи сæ промышленнон къабази фæскомцæдесон-фæсевæдон бригадити 'хсæн социалистон ериси аккаг бунат ке байахæста, уой тухххæй Бабай бригадæн лæвæрд æрцудæй фæскомцæдеси Центрон Комитети грамотæ.

Уæхæн зингæ æнтæстдзийнæдтæ ма социалистон ериси æвдесунцæ æригæнтти æндæр бригæдтæ дæр Беслæни иннæ кустуæтти: шпалти заводи Аслæмурзати Ирбеки, цалцæггæнæг-прокатон бази Леонид Ященкой монтажгæнгути бригæдтæ...

Мæ аци радзубандий рагон хабæрттæ ке имисун, уомæ гæсгæ, ка 'й зонуй, кадæртæ уотæ дæр зæгъдзæнæнцæ, гъома, уони кой ма кæми гъæуй. Сæ хæццæ исарази ун дæр æнгъезуй, фал уæддæр ма еу хабари кой æнæ ракæнæн нæййес – Беслæни раздæри цардæй.

Цæветтонгæ, сахар Беслæни нуртæккæ Кирови гъæунгæ ка хунуй, е 1920 анзи уæнгæ гъæунги хузæн уогæ дæр нæма адтæй. Аци рауæн æрбунат æнцæ æнæпълан тургътæ æма дзæхæратæ, фонси бунæттæ. Уотемæй ба гъæуи пъланмæ гæсгæ, уоми гъæуама адтайдæ гъæунгæ. Еци æнæбунати кæндтитæ гъæуи федауцæ ихалдтонцæ.

Уомæ гæсгæ ба уæд коммунисттæ æма фæскомцæдесонтæ цалдæр хуцаубонеми зеуæй рацæуиуонцæ, сæхе уæрдунтæ æма косæндзаумæутти хæццæ, æма гъæунгæ гъæунги хузæн искæнунбæл фæййархайдтонцæ: æфсæнвæндагон станцæй сауæнгæ гъæуи астæуи уæнгæ исаразтонцæ æмраст гъæунгæ. Астæуæй си дууæ рæнгъемæй бæлæстæ ниййаразтонцæ. Æма си рауадæй бульвар. Фæстæдæр гъæунгæбæл Кирови ном кæд исæвардтонцæ, уæддæр æй беретæ абони дæр ма хонунцæ «Бульвари гъæунгæ». Гъе уотемæй иссæй сахари сæйрагдæр гъæунгтæй еу...

Аци сахари исонибони тухххæй дзоргæй Бæдой-фурт уотæ финста: «Беслæн идарддæр куд ирæздзæнæй æма си кæми ци арæзт æрцæудзæнæй, уомæн нуртæккæ федаргонд æрцудæй генералон пълан. Еци пъланмæ гæсгæ айдагъ Кирови гъæунгæ нæ, фал сахари æнæгъæнæй дæр цæудзæнæй устур куститæ. Беслæн æ конд, æ хузæ райййевдзæнæй. Еугур фадуæттæ дæр си арæзт æрцæудзæнæнцæ адæми цардиуаги хуарзæн.

Абониккон Беслæни æндагон бакаст, гъæй-гъæйдæр, бустæги фендæрхузон æй, æрцудæй си берæ зæрдæмæдзæугæ æййивддзийнæдтæ, уæдта ма си, æвæдзи, идарддæр дæр никки фулдæр нæуæгдзийнæдтæ фæззиндзæнæй...»

* * *

## УАДЗÆ ÆМА ФИДТÆЛТИ ФÆЛТÆРДДЗИЙНАДÆ НÆ КÆСТÆРТÆН ИСУА НИФСДÆТТÆГ ÆМА РАЗВÆНДАГ АМОНÆГ

Æма, æвæдзи, æцæгæйдæр уотæ адтайдæ... Фал уæд нæ цитгин Советон Цæдеси знæгтæ 'й бабун кодтонцæ, æ ирисхъи надвæндаг фескъудæй фæскомцæдесæн дæр. Уоййасæбæл агъазиау бæсти рæстзæрдæ дзиллитæ, уæлдайдæр ба фæсевæд сæ рæсугъд бæлдитæй фæффудæнгъæл æнцæ... Уотæ Беслæни цæргутæ дæр. Советон Цæдеси фехæлди фудæй сæбæл ци берæ гъезæмайрæгтæ æрæнцадæнцæ, уонæй сæ æвæрхъауæй-æвæрхъаудæр иссæй, нæ фудæзнæгтæ си 2004 анзи сентябри фиццаг бæнтти ци террористон фудракæндæ исаразтонцæ, е. Айдагъ Беслæн нæ, айдагъ Иристон нæ, айдагъ Уæрæсе нæ, фал æнæгъæнæ дуйне дæр фегуппæг æй, зæрдрист фæцæй еци цауæй... Уæдæй нурмæ кæд нæудæс анзи рацудæй, уæддæр нæ уодтæ хъонц кæнунæй не 'нцайунцæ. Еци нæудæс анзей дæргъи уобæл мах дæр финсæн, фал абони ба нæ дзубандий уой зæгъуйнаг ан, æма нæ адæм, кæд хъæбæр æгæрон зæрдрист ма 'нцæ, уæддæр æй лæдæрунцæ: цард цард æй æма цæрун гъæуй – нæ кæстæрти, уони исонибони сæрбæлтау. Еци фудракæндæй нин нæ нифс басæттуйнаг ка адтæй, нæ еци фудæзнæгти фудæнæн нæ ирисхъæ нæ зæрди фæндон арæзунгъон гъæуама уæн.

Уомæн ба нин нифсдæттæг æма развæндаг амонæг исуа нæ фидтæлти фæлтæрддзийнадæ, уони уодфедардзийнадæ æма разæнгарддзийнадæ. Гъе уомæ гæсгæ мухур кæнæн Бæдоати Хъазбеги имисуйнæгтæ, цæмæй син зундæн бабæззонцæ, ци фæсевæди кой си кæнуй, уони цардбæллондзийнадæ, арфиаг гъуддæгутæ аразунбæл кæхцулддзийнади. Уой фæдбæл Бæдойфурт æхуæдæг дæр æ имисуйнæгтæн хуматæгти не 'скодта фæдзæхсти хузæн кæронбæттæн.

## ХУАРЗ ИМИСУН ДÆР ГЪÆУЙ ÆМА ФÆНЗУН ДÆР!..

Бæдоати Хъазбег æ радзубандийæн уæхæн кæрон искодта: «...Зæронд фæскомцæдесонти номæй, мæн зæгъун фæндуй нæ кæстæр фæлтæрæн, абони фæскомцæдесонтæн, цæмæй фæнзонцæ сæ хестæрти: етæ куд зæрдиагæй кустонцæ сæ гъæуи фæлгонцбæл, нури æригæнттæ дæр уотæ разæнгардæй сæ фæллойни хай куд хæссонцæ сæ сахар никки хуæздæр искæнуни сæрбæлтау гъуддæгутæмæ. Агъаз кæнонцæ, сæ хъаурæ цæйбæрцæ æй, уомæй, кæми багъæуонцæ, уоми...»

*Бæргæ хуарз æма бунати æй Бæдой-фурти фæдзæзурд. Уогæ 'й советон доги цардиуаги уавæртæмæ гæсгæ загъта – фал е уомæн ци зудта, æма цанæбæрæг рæстæги фæсте нæдæр Советон Цæдес нæбал уодзæнæй, нæдæр фæскомцæдес, ралæудзæнæй уæхæн догæ, кæцими ирæзгæ фæлтæрти зундирахаст исусхъуммитæ кæндзæнæнцæ мæнгæ уодварни хæзнатæй æхсæнади размæ ихæстæй сæхе уæгъдæ кæнунбæл сæ ардаудзæнæнцæ... Еци «зундирахаст» нин не 'хсæнадæн ци зæран хæссуй, уой ба абони нæхе цæститæй ку уинæн...*

*Уомæ гæсгæ имисун гъæуй, евгъуд советон доги фæсевæди гъомбæлади хуарзæй æма абони бафæнзунæн ка бæззуй, еци хабæрттæ æма гъуддæгутæ, цæмæй нæ кæстæртæ исуонцæ, сæ нииййергутæ дæр æма дзиллæ дæр боз æма сæрустур кæмæй уодзæнæнцæ, уæхæн цардаразгутæ.*

Хуæдтолгæй нæ пайда кæнуни Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 22 сентябри. Дессагæн, цæйбæрцæ адæм исарази уодзæнæнцæ еци бон æнæ хуæдтолгæй бафæразунбæл.

*Искæсæни дзурддзæугæ лæг Насреддини бафарстонцæ: «Зундгин исуæн кутемæй ес?..» Æма æ дзуапп адтæй: «Хъæбæр æнцонæй!.. Дæ рази зундгин лæг ку дзубанди кæна, уæд имæ лæмбунæг игъосæ. Дæхемæ дин ку игъосонцæ, уæдта дæ дзубандитæмæ игъосæ...» Нури дзорагитæ аци фæдзæхстæй ку пайда кæниуонцæ, уæд, ка ’й зонуй, сæ дзубандитæй ести пайда уидæ...*

# ... ÆМА ЗÆРДÆХЦÆУÆНДÆР КÆНДЗÆНÆЙ ГЪÆУУОН ЦАРД



Цæгат Иристони фараст гъæууонхæдзарадон кустуати ци гранттæ рамулдтонцæ, уони бæрцæ еумæйагæй æй 88, 2 миллион соми. Еци фæрæзнитæ гъæуама харзгонд æрцæуонцæ агротуризми къабази райрæзтæн.

Уой туххæй фегъосун кодта республики гъæууон хæдзаради министр **Къусрати Алан**. Грантти фæрæзнитæй фермертæ – гъæууонхæдзарадон продукци уадзгутæ исараздзæнæнцæ, туристти кæми исиуазæг кæндзæнæнцæ, уæхæн бунæттæ.

«Нæ республики экономики райрæзтæн туризм хъæбæр агъаз æй, – загъта министр. – Æхцæуæн мин æй нæ республики цæргутæн фегъосун кæнун, Уæрæсей Федераций гъæууон хæдзаради министрадæмæ конкурси архайунмæ ци 21 проекти барвистан, уонæй фараст ке ’рцудæй федаргонд. Е еугуремæй устурдæр бæрæггæнæн æй нæ бæсти – регионтæй махæй фулдæр уæлахездзаутæ некæмæ ес. Еумæ райсгæй, агротуризми райрæзтæн грантти хузи дехгонд æрцудæй 88,2 миллион соми, уæлахездзаутæн ратдзæнæнцæ фæйнæ 10 миллион сомий».

Грант «Агротуризм»-и фæрци 2024 анзи республики фæззиндзæнæй, туристтæ кæми æрбунат кæндзæнæнцæ, уæхæн нæуæг объекттæ.

Къусрай-фурт ма куд загъта, уотемæй еци гранттæ гъæууон хæдзарадæн фæййагъаз уодзæнæнцæ сæ равналæнтæ фæуурухдæр кæнунæн æма уæлæнхасæн æфтуйæгтæ есунæн сæ продукци уæйæ кæнунæй, уæдта гъæууон фæзуæттæмæ адæми раздахунмæ.

Республики 2024 анзи грантти хузи агъаз райсдзæнæнцæ кæсалгæ дарæн, сæгътæ дарæн æма муддартæн, гагарæзи хæдзарæдтæ, уæдта сæнæргæнгутæ.

Гранттæй агъаз гъæууонхæдзарадон кустуæттæн гъæууон туризми райрæзтæн дæттунцæ 2022 анзæй нурмæ. Фарæ республикæ ке балæвардта конкурсмæ, уонæй айдагъдæр дууæ проекти æрцудæй федаргонд.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Октябри революций размæ Уæрæсей сæйраг сахар берæ рæстæгути адтæй Санкт-Петербург. Фал большевиктæ, сæ сæргъи В.И. Ленин, уотемæй бæсти хецауеуæггæнæг ку иссæнцæ, уæд хецаудзийнади фæтæгтæ, сæйраг сахар Мæску куд исуа, уотæ исфæндæ кодтонцæ, æма сæ косæн рауæн Петроградæй уордæмæ раййивтонцæ. Еци хабар кæци анзи æрцудæй?**

**а.** 1917. **б)** 1918. **в)** 1919.

**2. Уруссаг Америкæ ке хонунцæ Америки Еугонд Штатти, уой сæйраг сахар нур куд хуннуй?**

**а.** Анкоридж. **б)** Джуно. **в)** Ситка.

**3. Советон Цæдеси артисттæй «оркестри дирижер», зæгъгæ, дæсниадæбæл ка некæд ахур кодта, уотемæй ба ка иссæй номдзуд дирижер?**

**а)** Юрий Силантьев. **б)** Евгений Светланов. **в)** Геннадий Рождественский.

**4. «Уæртæ Жаров аллихузон грими дæр æма аллихузон рольти дæр – алкæмидæр еугæндзон æй. Мадта... æнæ гримæй, фал алкæмидæр фæйнæхузон æй...» Уотæ Сталин нæ фидибæстон киной «стъалутæй» ке туххæй загъта?**

**а)** Ладынина. **б)** Орлова. **в)** Раневская.

**5. Номдзуд уруссаг ахургонд Михаил Ломоносов дæр, дан, æхцул адтæй карз ниуæзтæбæл. Славайнаг-бердзейнаг-латинаг академий ку ахур кодта, уæд имæ цанæбæрæг æхцатæ адтæй æма имæ ци адтæй, уонæй циуавæр ниуæзтæ балхæнуни фагæ уиуонцæ?**

**а)** Арахъ. **б)** Къумæл. **в)** Сæнæ.

**6. «Цалдæн хонхи дор тола, будури цалх зела, уæдмæ æ ном иронх нæ уодзæнæй...» Уотæ нæ номдзуд финсгутæй ке туххæй загъта игъустгонд ахургонд Дзагурти Губади?**

**а)** Хетæгкати Къоста. **б)** Гурджибети Блашка. **в)** Багъæрати Созур.

**7. Номдзуд фæсарæйнаг ахургæндтæй 1807 анзи сæрди наукон балций ка адтæй Дигоргоми æма уоми æрдзон гъæздугдзийнæдти, уæдта еуирдигон дзилли цардиуаги туххæй цæмæдесаг æрмæгутæ ка бацæттæ кодта?**

**А)** Мажанди Фрэнсис. **б)** Генрих-Юлиус Клапрот. **В)** Чарльз Роберт Дарвин.

* * *

**Раст дзуæппитæ нæ газети 33-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Хæцъæфти. **2.** Цъирцъирæгти. **3.** Турки. **4.** «Хæлардзийнадæ». **5.** Кафунбæл. **6.** «Рагон зонгæ» **7.** «Суъзæрийнæ уасæнгæ». **8.** Инæлар.

## КА ДÆ ÆМА ЦИУАВÆР ДÆ, УОЙ БАЗОНÆ!..



# НÆУÆГÆЙ – НÆУÆГДÆРМÆ ЦÆУН АМОНД ÆЙ ÆВИ?..

### 1. ГРАЖДАЙНАГ КЪАЙАДÆ:

а) федауй æма ибæл исарази уæн ес;
б) мæнæн æгириддæр нæ бæззуй æма ибæл неци хузи исарази уинæ.

### 2. КУСТМÆ КУ ФÆЦЦÆУН, УÆД:

а) рæстæгæй-рæстæгмæ равзарун æндæр цæуæнтæ;
б) мæ еудадзугон цæуæнтæ некæд æййевун.

### 3. САХАУРУН Е ÆЙ:

а) рæсугъд æрдзон фæззинд;
б) æрдзон тухи тæссаг разинд.

### 4. ФÆСТАГ РÆСТÆГИ:

а) сауæнгæ хумæтæги дзаумæуттæ дæр мæмæ фæззиннун кæнунцæ берæ аллихузон хеуинддзийнæдтæ;
б) куд некæд, уотæ æнцад-æнцойнæ мин æй.

### 5. ИВАНУШКÆ-ÆДУЛИ:

а) куд æнгъæлæн, уотæ æдули ба нæй: циуавæрдæр бæстон фæткитæмæ гæсгæ нæ, фал æхе цæстингас ин ке ес алцæмæдæр, уомæ гæсгæ æ къохи æфтуйуй æнтæститæ;
б) зин ин адтайдæ æцæг цардиуагæмæ гæсгæ цæрун.

### 6. ДАРÆС ДАРУНИ:

а) уарзун цидæр нæуæгдзийнæдтæ æвзарун;
б) еци еудадзугон фæткитæбæл еузæрдиуон дæн.

### 7. РУЙМОНТÆ:

а) ци хуарз уидæ, уобæл фæттæхун;
б) нæ ’нцæ, уæдта уогæ дæр некæд адтæнцæ.

### 8. ХОРМÆ КА ИСТАХТÆЙ, ЕЦИ ИКАР АДТÆЙ:

а) разагъди фæлварæг, кæци æ фæлварæнти рацудæй хуцæутти нихмæ дæр;
б) æнæзунд, уомæн æма сæйраргдæр æй зæнхæбæл дууæ къахемæй дæр федар æрлæуунбæл архайун.

### 9. МÆ ЗÆРДÆМÆ ФÆЦЦУДАЙДÆ КАРНИ КЪÆХТÆБÆЛ АРÆЗТ КЪÆСИ БАЦÆРУН:

а) цивилизаций еугур æнтæстдзийнæдтæй дæр ефтонггонд ку уа;
б) некæци уавæрти.

## НУР БА БАНИМАЙЕТÆ БАЛЛТÆ ÆМА ИСКÆНЕТÆ ХАТДЗÆГТÆ.

**Дамугъа «А».** Хатдзæг куд æвдесуй, уотемæй цæттæ дæ æййивддзийнæдтæ дæ цардиуагæмæ бауадзунмæ æма дæ ирисхъи киунуги нæуæг фарс рахатунмæ. Æвæдзи, хæстæг уин æй зундилæги загъд: «Цард адæймагæн лæвæрд цæуй еунæг хатт æма ’й уотæ бацæрун гъæуй, цæмæй уæлæ уæлиауи бадгутæ байдзулонцæ æма зæгъонцæ: «Цæй, рафæлхат ма кæнæ!..»

**Дамугъа «Б».** Æвæдзи уæ не ’нгъезуй, æййивддзийнæдтæмæ ка бæллуй, уæхæн адæймагбæл банимайун. Байархайетæ уæ цардиуагæмæ фулдæр аллихузондзийнадæ бахæссунбæл, уой фæрци фæххайгин уодзинайтæ нæуæг æнкъарæнтæй. Уæдта ма æнæнгъæлти раргомдзийнæдтæй æма ирд тæлмæнтæй.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службի Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2023**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 15.09.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 15.09.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**